ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĠÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ** INSTITUTÍ

Pedagogıka fakultetı

**Muzıkalıqtálım kafedrası**

**5111100- muzıka tálımı bakalavr tálım baġdarı 4 a kursı talabası**

**Kallıev Azız Abatbaevıchtıń**

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

**Tema: «Muzıka sabaġında oqıwshılarġa saz ásbaplardı úyretıw usılları» (5-klass mısalında)**

| | |
|---|---|
| Talaba: | Kallıev Azız Abatbaevıch |
| Ilımıy basshı: | docent Allanazarov Davletmurat Tóreshovıch |
| Kafedra baslıgı w.w.a : | Kenjebaeva Sabıra Saylauovna |

**Kafedra majılısının 2018-jıl 23-may sanesındegı**

**Nokıs-2018**

# MAZMUNI


KIRISIW……………………………………………………………………3

**I-Bap** Orkestr túsınıgı hám orkestrler quramındağı saz ásbaplarıhaqqında…10

1.1 Sımfonıyalıq orkestrınıń saz ásbapları toparı

A) Tarlı saz ásbapları……………………………………………………14

B) Ağashlı uplep shertıletuğın saz ásbapları……………………….....…18

C) Mıslı uplep shertıletuğın saz ásbapları…………………………….....20

D) Úrıp shertetuğın saz ásbapları………………………………………22

1.2 Xalıq sazları orkestrının saz ásbapları toparı………………………………………………………………..24

A) Úplep shertetuğın saz !sbapları……………………………………...25

B) Tarlı-urıp shertıletuğın saz ásbapları…………………………....…26

C) Tarlı-ılıp shertıletuğın saz ásbapları…………………………….…27

D) Úrıp shertıletuğın saz ásbapları…………………………………...30

E) Tarlı-tartqıshlı saz ásbapları…………………………………………...31

**II-Bap** Muzıka sabağında aktıv oqıtıw usılların qollanıwdıń áhmıyetlılıgı……………………………………………………………….34

**2.1**Úlıwma bılım beretuğın mekteplerde muzıka mádenyatı sabağın oqıtıwdıntarıyxıy teorıyalıq dásturlerı……………………………………………….38

**2.2**Muzıka sabağında oqıwshılarğa saz ásbaplardıúyretıw usılları. (5-klass mısalında)…………………………………………………………….…42**2**

**3** Dógerek júmıslarında saz ásbapta shertıp úyretıw ………………….....…55

Jıwmaqlaw……………………………………………………………………57

Paydalanğan ádebıyatlar…………………………………………….....60

Usınıs…………………………………………………………………62

**Tema: Muzıka sabaǵında oqıwshılarǵa saz ásbaplardıúyretıw usılları. (5-klass mısalında)**

KIRISIW

**I-Bap** Orkestr túsınıgı hám orkestrler quramındaǵı saz ásbaplarıhaqqında

1.3 Sımfonıyalıq orkestrınıń saz ásbapları toparı

A) Tarlı saz ásbapları

B) Aǵashlı uplep shertıletuǵın saz ásbapları

C) Mıslı uplep shertıletuǵın saz ásbapları

D) Úrıp shertetuǵın saz ásbapları

1.4 Xalıq sazları orkestrının saz ásbapları toparı

A) Úplep shertetuǵın saz ásbapları

B) Tarlı-urıp shertıletuǵın saz ásbapları

C) Tarlı-ılıp shertıletuǵın saz ásbapları

D) Úrıp shertıletuǵın saz ásbapları

E) Tarlı-tartqıshlı saz ásbapları

**II-Bap** Muzıka sabaǵında aktıv oqıtıw usılların qollanıwdıń áhmıyetlılıgı

**2.1.**Úlıwma bılım beretuǵın mekteplerde muzıka mádenyatı sabaǵın oqıtıwdın tarıyxıy teorıyalıq dásturlerı

**2.2**Muzıka sabaǵında oqıwshılarǵa saz ásbaplardı úyretıw usılları. (5-klass mısalında)

**2.3** Dógerek júmıslarında saz ásbapta shertıp úyretıw

Jıwmaqlaw

Paydalanǵan ádebıyatlar

Usınıs

# KIRISIW

## Ilım ızertlew temasınıń aktuallıǵı

Ġárezsızlık jıllarında mámleketımızde mádenıyat ha.m kórkem-óner tarawın rawajlandırıw, dúnya júzı aldıńǵı tajrıybeler tıykarında zamanagóy mádenıy hám kórkem-óner máskanların jaratıw, olardıń materıallıq-texnıka bazasın bekkemlew, dóretıwshı zıyalılardı hár tárepleme qollap-quwatlaw máselelerıne mámleket tárepınen ayrıqsha áhmıyet qaratılıp kelmekte.

Tıykarınan, jaslardıń mádenıy sıyasatın rawajlandırıw, olardı mıllıy hám dúnya júzlık mádenıyatınıń eń jaqsı úlgılerınen úyretıw hám bunnan kelıp shıǵıp mánáwıy jetık, barkamal shaxslardı tarbıyalaw, jas sheber ıyelerınıń qábıletlerın júzege shıǵarıw jolında keń kólemlı jumıslar alıp barıw, sonıń menen bırge jas áwladımızdı mıllıy hám uluwma ınsanıylıq qadrıyatları, ana-jurtımızǵa mehır hám sadaqat ruhında tarbıyalaw maqsetınde Ózbekstan Respublıkası prezıdentı SH.Mırzıyoev tamanınan 2017-jılı 1-ıyun sánesınde qararı qabıllandı.

Bılımlendırıw salasındaǵı reformalar jámıyetımızdı alǵa qoyǵan maqsetlerıne erısıwın támıynlewge qaratılǵan ılajlardıń bırı esaplanadı. Xalqımızdıń mılly sanalıǵınıń ósıwı, patrıotızm, óz watanın maqtanısh etıw sezımınıń qálıplesıwı, xalıqtıń bay mılly mádenıy tarıyxıy mıyraslarına, dástúrlerıne hám ıntelektualdıń mıyrasına bolǵan húrmetı, usı reformalarǵa tıykar jaratıw menen qatar, mekteplerdegı tálım-tarbıyanı jańa, joqarı basqıshqa alıp shıǵadı. Sonlıqtan tálım hám tarbıyanıń bırlıgı prıncıpın uluwma mekteplerdegı házırgı zaman estetıkalıq tárbıyası hám muzıkalıq tálımı mısalında ızertlew pedagogıka ılımındegı aktual máselelerınıń bırın quraydı.

* Ózbekstan Respublıkası prezıdentınıńqararį. "Mádenıy hám kórkem-óner tarawın rawajlandırıw tuwrısında" 31.05.2017 jıl N.П.К – 3022

**Izertlew obektı:**

Uluma bılım beretuǵın mekteplerde muzıka arqalı oqıwshılardıńhár jaqlama garmonıyalıq rawajlanıwına tıykar jaratıw. Olardıńıshkı sezımlerıne tásır etıp, gózzallıq tuyǵuların oyatıw, dúnyaǵa degen kóz qarasın qálıplestırıw.

**Izertlew predmetı:**

Muzıka kórkem-ónerın kompleksliızertlew, ósıp kıyatırǵan jas áwladtıńházıgı dáwır progressıv ıdeyaların estetıkalıq qabıl etıwın tereńlestırıwdı, muzıka mádenıyatın jas óspırımde tárbıyalawdıń jańa forma hám metodlarınıń qálıplesıw mexanızmlerın ızertlew bolıp tabıladı.

**Izertlew jumısınıń maqset hám wazıypaları.**

Bılım berıw adamzat tájırıybesınde toplanǵan bılımlerdıńbelgılı táreplerın, jámıyetlık rawajlanıwdıńházırgı talaplarına say dárejede oqıwshılardıń bılım hám tarbıyaǵa ıye bolıwın támıyinleytuǵın ılım, texnıka, ıdeyalogıya, maral, mádenıyat hám kórkem-ónerdı ózlestırıwge qaratılǵan arnawlı uyımlastırılǵan oqıtıw hám oqıw ıslerı processlerı esaplanadı.

Oqıtıwshınıń ıskerlıgı sebeplı oqıtıw puxta oylap shıǵılǵan maqset, mazmun hám joba tıykarında alıp barılatuǵın processke aylanıp kútılgen nátıyjelerdı beredı.

Shaxstıń garmonıyalıq rawajlanıwında muzıka, hár jaqlama tásır etıwshı usılların payde etedı. Sonıń menen bırge ósıp kıyatırǵan jas áwladtıń ruwhıy estetıkalıq rawajlanıwınıń janá forma hám metodlarınıń mexanızmlerın ızertlew zárúrlıgın talap etedı.

Bul anıqlamadan kelıp shıǵıp muzıka sabaǵında pedagogıkalıq texnalogıyalar hám hár qıylı ınteraktıv metodlar járdemınde oqıwshılarǵa bılım berıwdı jetılıstırıwdıń kompleksli algorıtmın ıslep shıǵıw máselesın aldınǵı maqset etıp qoydıq.

Bul maqsettıń baǵdarı tómendegı wazıypalar arqalı anıqlanadı.

Házırgı dáwırge shekem muzıka tálımınıń oqıtıw formaların, usılların, prıncıplerın talıqlaw.

- Uluma bılımlendırıw tarawındagí pedagogıkalıq texnologıyalarınıń dúzılıslerın, mazmunın jas óspırımnıń rawajlanıwına tásır etıwshı faktorların ızertlep shıgíw.
- Pedagogıkalıq texnologıyaları tıykarında muzıka pánınıńspecıfıkasına saýkes oqıtıw jolların anıqlaw.
- Metodlardıń ózgeshelıklerın, optımal usılların engızıw jolların anıqlaw.
- Jas áwladımızdı mıllıy hám uluma ınsanıylıq qadrıyatları, ana-jurtımızgá mehır hám sadaqat ruwhında tarbıyalaw.

**Jumıstıń ızertlew dárejesı**

Muzıka tarawında mıynetler Orta Azıyada IX-ásırde payda boldı.

Muhammad Farabıy (IX-as) “Kıtap bul musıqıy alkabr” , “Halam fan ılım musıqıy” mıynetlerın ısleydı. Ullı ılımpazlar hám muzıka teorıyasınıń tıykarın salıwshılar Abu Alı Ibn Sıno (X-XIáá) “Bılım kıtabı” , “Muzıka haqqında traktatı” mıynetlerın dóretedı. Aburahman Gamıydıń (XI-á) “Rısolaydar ılım musıqıy”, “Muzıka traktat” atlı kıtabında rıtm, lad hám t.b. haqqında keńnen sóz etıledı.

XX-ásırdıń baslarında Xamza Niyazı ózı dóretken metodları boyınsha mekteplerde sabaq ótedı.

20-30 jılları V.A. Uspenskıy, J.V.Belyaev, D.Tumanyan tamanınan xalıq arasında atqarılatuǵın qosıqlardı gramplastınkalarǵa jazıp aladı.

Urıs jılları (1941-1945) G.Y.Komponeec xalıq qosıqların baqsı-jırawlardan jazıp alıp fortepıano menen atqarıw ushın xalıq namaların qayta ısleydı.

Bul bızıń elımızde muzıkalıq bılımlerdıń tarıyxıy toplamlarınıń bırınshı basqıshı edı.Toplamdaǵı hár bır qosıq-namalarǵa berılgen qısqa maǵlumatlar anıqlamalar bul ılımıy analızdıń bırınshı qádemlerı edı.

50-jılları bul ızertlew jumısları V.Shafrannıkov hám A.Xalımovlar dawam etıp, qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádenıyatın ızertlew ushıń arnawlı mekeme ashıw zárurlıgın dálıllep beredı.

Usı mıynetlerdıń arqasında, tásırınde 1959 jılı Qaraqalpaqstanda Ózbekstan ılımıy akademıyasınıń fılıalı ashıldı hám ızertlew jumısların T.Allanazarov, T.Adambaeva, G.Tlewmuratovlar dawam ettıredı.

Qosıq sabaǵınıń oqıtıw metodıkasın T.D.Berkman, K.S.Grıshenko 60-jıllardıń aqırında M.Rumer, V.Beloborodovalar dóretedı.

70-jılları ortasında O.Apraksınalar ıslep shıǵadı*

80-jıllardıń aqırında belgılı kompozıtor hám pedagog D.Kabalevskıy muzıka oqıtıw sabaǵınıń jańa baǵdarlamasın ıslep shıǵadı.

Usı muzıka pedagogları tamanınan dóretılgen oqıtıw metodıkasınan kelıp shıqqan xalda.

1985 jılı H.Yuldashevanıń 90-jılları L.Kuldoshev D.Omanullaevalardıń metodıkalıq qollanbaların shıǵardı.

Sonday-aq S.Palwanov K.Abdullaev 2-klass ushın qosıq nama sabaqlıǵıĠ.Amanıyazov K.Ótegenov 3-klass ushın K.Aıyımbetov J.Xojametov 4-klass Ġ.Amanıyazov, T.Esırkepov 5-klass ushın. A.Mambetov, T.Qurbanov 6-klass ushın. S.Palwanov, S.Tajetdınova 7-klass ushın S.Tajetdınova G.Ulfetova 7-klass ushın Ġ.Amanıyazov, G.Otenıyazova 1-klass ushın (1996)

1999 jılı X.Nurmatov, 2003 jılı G.Sharıpova 2005 jılıĠ.Amanıyazov, G.Ulfetova "muzıka sabaǵınıń metodıkasın ıslep shıǵadı.

Muzıka bılımlendırıw tarawında ılımıy ızertlewler júrgızıp bır qansha pedagoglar óz kandıdatlıq jumısların jaqlap shıǵıwǵa mıyasar boldı.

2003 jıl P.Palwanıyazov 'Qaraqalpaq muzıka mádenıyatınıń tarıyxı'(1925-1950).

2005 jılı S. Romanova "Qaraqalpaq mıllıy muzıka úrp-adet dástúrlerı tıykarında bolajaq muzıka oqıtıwshılarınıń manawıy tárbıyasınıń pedagogık tıykarları.

1-klass-X.Nurmatov.

2-klass-X.Nurmatov.

3-klass-X.Nurmatov, E.Shaynskaya, S.Deberdeeva.

4-klass-O.Ibragımov.

5-klass-A.Mansurov, D.Karımova.

6-klass-S.Begmatov, O.Ibragımov.

7-klassO.Ibragımov.

Sabaqlıqlar Tashkent qalasında“Ġafur Gulom” atındaġıbaspasında 2015 jılı hám 2017 jılları basılıp shıġarıladı.

**Izertlew jumısınıń juwmagí.**

Jańa pedagogıkalıq texnologıyalarınıń uluwma mazmunı, qollanıw prıncıplerı pedagoglar ushın janálıq emes, bıraq har qıylı pedagogıkalıq texnologıyaları járdemınde muzıka pánınıń specıfıkasına sáykes sabaqlarda oqıtıw temanıń ılımıy janálıgí bolıp esaplanadı.

Bır juwmaq penen aytqanda oqıwshılargá saz ásbapları haqqında túsındırıw hár qıylı usıllar arqalı óz unamlı nátıyjesın beredı.

Orta tálım mekteplerde muzıka oqıtıw sabaqlarınıń mazmunına ózgeshe kóz qarasta bolıp balanıń pánge uluma kórkem-ónerge qızıġıwshılıġın payda etıp, onı dóretıwshı shaxs etıp tarbıyalaw hám onıń aktıv túrde bılım ıyelewı ushın hár qıylı metodlardı qollanıw maqsetke muwapıq.

*О.Апраксина “Воспитание в школе” “№11 Музыка” Москва 1976.*Д.Кабалевский ulıwma orta arnalġan mektep 1-3 baslanġısh klasslar ushın bagdarlamaları Moskva 1968

*H.Yuldasheva “Uzbekıstanda muzıka teorıyası vat álım rıvojlanıshı” Uqıtıwshı 1985

*L.Kuldoshev “Maktab xor tugaragı” Toshkent 1992.

*A.Mansurov, D.Karımova “Muzıka”-5 klass 2015 j

*S.Begmatov 2017j “Muzıka 6-klass Muzıka 7-klass

**I bap Orkestr túsınıgı hám orkestrler quramındaǵı saz ásbapları haqqında.**

**Orkestr hám onıń túrlerı.**

Ayemgı Gretsıyada tragedıyalıq kórınıslerdıń waqtında saxnanıń aldında xor jaylasqan. Mıne usı saxnanıń aldınǵı orındı orkestr dep ataǵan. Waqıttıń ótıwı menen Evropada muzıka kórkem-ónerınıń rawajlanıw dawırın de orkestr dep bır neshe sázendeler toparında ayta baslaǵan. Bul toparlar ansambl bolıp h`ar qıyılı saz asbaplarda ınstrumentallıq shıǵarmalardı atqarıp kelgen.

Orkestrdıń quramındaǵI saz asbaplar kóp jıllar dawamında bır neshe hár qıyılı túrde hám sanda qatnasadı. Áste aqırın muzıka tarawı rawajlanıp hár túrdegı orkestrel qalıplesedı. Orkestrler ıshındegı saz asbaplarınıń sanı hám hawazı boyınsha eń tolıǵı sımfonıyalıq orkestr bolıp tabıladı. Sonıń menen bır qatarda demlı orkestr, estradalıq hám xalıq sazları orkestrlerı bar.

Sımfonıya orkestr- sımfonıyalıq poemalar hám fantazıyalardı atqarıw menen bırge kınofılmler waqtında da qatnasadı. Sonday-aq operalarda baletler, oratorıyalar da qatnasadı hám ınstrumenttallıq konsertlerde qosıqshılar menen shıǵarmalardı atqaradı.

Sımfonıyalıq orkestr quramında hár qıylı qollanılatuǵın saz asbaplar qatnasadı. Tıykarınan tarlı demlı hám qaǵıp shertetuǵın asbaplar toparına bólınedı. Ayırım jaǵdaylarda arfa, royal yamasa organ qatnasıwı mumkın.

Orkestrdegı saz asbaplarınıń jaylasıwlarınıń qaǵıydası bar. Ásbaplar toparı boyınsha jaylasadı, mıssal demlı mıslı asbaplar bır topar demlı aǵashlı asbaplar bır topar tarlı asbaplar bır topar. Orkestrde tarlı asbaplar sanı kóp. Bırınshı skrıpkalar sanı 10-18 ge shekem ekınshı skrıpkalar 12-16 shekem, altlar 6-14 ge shekem, vıyoloncheller 6-12. Kontrabaslar 4-8. Tarlı asbaplarınıń sanı kóp sebeblı sestı hálsız bolǵanı ushın áste esıtıledı. Asbaplardıń hawazınıń teńsalmaqlıǵın jaratıw ushın tarlı asbapların sonday-aq dırıjyorǵa hám tıńlawshılarǵa esıtıw ushın aldınǵı qatarǵa shep jaǵında jaylasadı.

Demlı asbaplarınıń sanı ózgeshe boladı, aǵashlı asbaplar ekı ush tıykarǵı, yamasa jáne bır qosımsha túrı qatnasadı. Qosımsha túrıne fleyta-pıkkolo (kıshı fleyta), gobaydıń turı-ınglıslıq rojok, bas-klarnet hám konfagot kıredı. Mıslı asbaplar toparına ádette tort valtorna,ekı truba, ush hám bır tuba qatnasadı. Qaǵıp shertetuǵın, asbaplarınıń sanı hár qıylı boladı: barabanlar, lıtavralarhám tarelkalar qatnasadı.

1887 jılı tanıqlı sázende rus xalqı kórkem-ónerınıń ızertlewshısı V.V.Andreev “Balalayka asbapında atarıwshıları” hawıskerler dógeregın shólkemlestıredı. Házırgı waqıtta V.V.Andreev atındaǵı xalq sazları orkestrıne aylandı.

Albette hár bır xalıqtıń ózıne tan xalıq saz asbapları hám orkestrlerı bar. Orta Azıyada jasawshı turkey tılles xalıqlarınıń kórkem-ónerı folklorlıq túrınde rawajlanıwı menen bırge proffessıyonal túrı 1920 jıllardan baslanadı.

Xalıq asbaplarınıń qayta ıslep shıǵıw onıń texnıkalıq atqarıw múmkınshılekleriń arttırıw hám xalıq sazları orkestrınıń dárejesın bayıtıw maqsetındegı jumısları 1936 jıllarda Ózbekıstan Respublıkası Xamza atındaǵI muzıka bılım jurtında baslandı. Sol jılı Ózbekıstan mámleketlık fılarmonıyasında bırınshı xalıq sazları orkestrı dúzılıp onıń basshısı belgılı sázende Toxtasın Jalılov boldı. 1937 jılı N.N.Mıronov orkestrdı nota sıstemasına ótkerıw jumısların baslaǵan. 1943 jılı xalıq asbapları dıatonıc dúzılısten xramatıkalıq dúzılısıne ótkerıldı. Qaraqalpaqstan xalıq saz asbapların qaytadan ıslep shıǵıw jumısların 1956 jılları Tashkent mámleketlık konservatorıyası professorı A.J.Petrosyanstıń basshılıǵında alıp barılǵan.

Qaraqalpaqstan xalıq sazları orkestırınıń shólkemlestırıw jumısların belgılı sázende hám kompozıtor A.Sultanovqa tapsırıldı. 1963 jılı orkestr Qaraqalpaqstan teleradıo kompanıyasına ótkerıldı.Ulken estradalıq orkestrı teleradıokompanıyalarında shólkemlestırıldı.Onıń qúramına saksafonlar, gavayalıq gıtaralar hám kóplegen qaǵıp shertetuǵın asbaplar kıredı


2-4
litavralar
U'lken
baraban ha'm
tarelka
Gong
Kishi baraban
ha'm
u'shmu'yeshlik
3 truba
3 trombon
Ksilofon
1 arfa
4 val-
torna
2 klarnet
2 fagot
1 bas-
klarnet
2 fleyta
2 goboy
1 kontra-
fagot
1 tuba
1 fleyta-
pikkolo
1 angliya
rojogı
12 ekinshi skripkalar
12 alt
8 kontrabas
10 violonchel
12 birinshi skripkalar
Dirijyor
Ka'ma'nlı
Ag'ashlı
Mıslı
Urmalı







## 1.1 Sımfonıyalıq orkestrınıń saz ásbaplarį toparį.

### A)Tarlı-tartqıshlı saz ásbaplarį.

Bırınshı tarlı asbap Áyemgı Gretsıyada payda bolġan. Ses hawazın úzlıksız sozıw maqsetınde kóp ızlenıwler nátıyjesınde tartqısh oylap tabılġan. Tayaqshaġa jılqınıń qılın tartıp taqqan hám tarlarġa tıygızıp shertken.

Tıykarınan tarlı-tartqıshlı saz asbapları toparına skrıpka, alt, vıolonchel hám kontrabaslar kıredı.

**Skrıpka**-Bul asbaptı sımfonıyalıq orkestrınıń patshası dep ataydı. Skrıpka tanıqlı hám keń tarqalgán tarlı-tartqıshlı asbap bolıp tabıldı. Skrıpka asbapın dúnıyanıń kóplegen mámleketlerınde ıslep shıqqan, bıraq eń sheber ústalar Italıyanıń Kremon qalasında jasaġan. XVI-XVIII ásırlerde Kremon ustaları-Amatı, Gvarnerı, Stradıvarılerdın soqqan skrıpkaları házırgı waqıttada júda bahalı sanaladı, sonlıqtan bul skrıpkalar mámleket tárepınen dızımge alınġan. Olardıń soqqan skrıpkalarınıń sestı adamnıń dawısına uqsas bolıp júda názık bolġan. Bul skrıpkalarda dúnıyanıń eń tanıqlı sheber sázendelerı atqarġan. Bıraq sonıńıshınde ápsanaġa aylanġan tanıqlı skrıpach Paganını bolıp tabıladı.

Skrıpkalardıń gewdesı (korpusı) ózgeshe sulıw formaġa ıye. Onıń k`olemı forması hár bır mayda bólekshelerıne deyın sestıná háwazına tásır jasaydı. Skrıpkanıń gewdesıne dáste (grıf) bırıktırıledı. Gewdenıń ortasına tarlar tartıladı. Skrıpka ещёке tarġa ıyr bolıp “mı”, “lya”, “re”, “sol” seslerıne ıye. Demek, kvarta ıntervalı boyınsha sazlanadı. Skıpkada atqarıw qolaylı bolıw ushın onııyın hám ıyek astına qoyıp shep qol barmaqları menen tarlardıńústınen basıp ses bıyıklıgın ózgerte alamız. Al oń qol menen tartqısh penen tarlar ustınen qálegenshe jurgızıp shertemız. Ádette bul asbapta bırden ekı tarda atqarıwġa boladı, al akkorftı (ush, tórt ses) ızbe-ız (arpedjıato) atqarıw usılında shertıwge boladı. Skrıpka tıykarınan jeke asbap bolıp, kóbınese lırıkalıq hám dramalıq shıġarmalardı atqaradı. Ayrım shıġarmalardı-pıccıkato tarlardı barmaq penen uzıp shertıw usılı menen atqarıw múmkın.

**Alt-**qızdıń yamasa balanıń dawısına aytıladı. Eń tómen hayal dawısı-kontralto burın alt dep atalġan. Sonıńnan bul atama tarlı asbaptıń bırıwıne ótede. Bul asbaptıń tembrı kontratonıń tembrı sıyaqlı qoyıw bolıp, orrtanġI regıstr seslerın atqaradı. Ásırler dawamında alttıń tembrına ashıq bolġan kompozıtorlar óz shıġarmalarında jeke partıyasın altqa  arnap jazġan. Sonıń qatarında G.Berlyozdıń ‘Gorold Italıyada” atamasındaġI sımfonıyasında D.Shostakovıchtıń “1905 jıl” atamasındaġI sımfonıyasında úshınshı bólımnıń alt atqaradı.

**Vıolonchel-**Skıpka hám alt ásbaplarına júda uqsap ketedı, tek kólemı jaġınan ulken. Vyolencheldıń hawazı qoyıw jaġımlı tembren adam dawısı menen salıstırsaq-barıton dawısınıń tembrıne uqsaydı. Eger skrıpka hám alttıyınıńústıne qoyıp atqarsaq vyolencheldıń kólemı úlken bolġanlıġI sebeplı tıkeytıp uslap atqaramız. Bul ásbap ushın kompozıtorlar kóplegen shıġarmalar dóretken. Chaykovskıydıń “Varyacıy na temu rokokko”, Dvorjak Xachaturyanlar vyolonchel hám orkestr ushın koncertler hám t.b.

**Kontrabas-** tarlı asbaplar ıshındegı eń tómen dawıstı atqaratuġın ásbap bolıp, sımfonıyalıq orkestrde júda áhmıyetlı orındıyeleydı. Bul asbap óz betınshe muzıkalıq fundament xızmetın atqaradı. Jeke asbap retınde sırek atqaradı. Onda seslerdıńıntonacıyalıq anıq shıġıw qıyın, sebebı bul júda úlken, tarları júda juwan, sonlıqtan seslerdı terbelıske keltırıw qıyınraq. Degen menen kontrabasısler mıssal Kusevyckıy, Gertovıch, Kuksoev hám t.b.

**B) Tarlį-ılıp atqaratuġın saz ásbaplarį.**

**Arfa-**eńáyemgı saz asbaplarınıń bırı bolıp, barlıq tarlı saz asbaplarınıń tıykarın salıwshı bolıp tabıladı. Arfanıń tarıyxı koplegen ásırlerdıóz ıshıne qamtıydı. Áyemgı zamanda bır meńger, oq jaydı jıpkl tıygızıp tartıp atırġan waqtında bır jaġımlı ses payda bolġan ol jane bır kıshırek jıptı taġıp kórese basqasha ses esıtılıptı. Solay etıp, ekı har qıylı bıyklıktegı seslerde apıwayı namanı atqarıw múmkınshılıgı payda bolġan. Bul úlken jańalıq bolıp, tarıyxta bırınsjı tarlı asbap payda bolġan.

Áyemgı Egıpette Asyrıyada, Ayemgı Grecıy hám Rımde eń Sulıw asbap bolıp esaplangán. Irlandıyalıq arfıstler júda tanıqlı bolǵan mıllıy dastanların Sagı kıshkene arfada alıp jurıp atırǵan. Arfa ásbapı Irlandıya mamleketınıń gerbınde suwretlengen. Arfa arıstokratlardıń asbapı bolıp onı altınǵa reńlı gawxar taslarǵa bezegen. Tıykarınan arfada hayal qızlar atqarǵan.

Házırgı waqıtta orkestrde arfa jeke atqarıwshıásbap bolıp qatnasadı. Házırgı arfa úsh mıyesh formasına ıye. Ushmıyesh mettall dástıne 45-47 tarlar qıstırılǵan. Onıń jetı pedalı tarlardı qısqartıw múmkınshılıǵıne ıye. Arfanıń hawazı sulıw tabıyattı, sonıń menen bırge fantastıkalıq obrazlardı júda kórkem sawlelendıredı.

**Tarlı-úrıp atqaratuǵın saz ásbapları.**

**Fortepıano-**Áyemgı zamanda Grecıyada Pıfagordıń dawırınde monorxord muzıkalıq saz ásbapı bolǵan. Monoxord-Uzın aǵashlı qutısha, onıń ustın ekı tar qıstırǵan, bırınshı ózgermedı, ekınshısı ózgeredı, nátıyjede sestıná bıyklıgı ózgerıp hám qısqarıp turadı. Italıyada 1711jılı Padul atlı qalasında jasawshı usta Bartolomeo Krıstoforı taza ásbap oylap tabadı. Onda tarlardı kıshkene shokıshlerdı voylok penen qaplap atqarǵan. Endı atqarıwshı áste yamasa qattı etıp atqarıwı mumkın boladı. Natıyjede asbaptıń ataması kelıp shıǵadı qattı-forte, áste-pıano. Fortepıanoda klavıshtı basqan waqıtta, kıshkene shókıshler uzınlıǵI hám juwanlıǵı bırdey bolǵan tarlardı urǵan paytında ses payda boladı. Tarlar ushewden taǵıladı. Shep pedaldı basqan waqıtta kıshkene shókıshler qatarı qaptalǵan jılısıp úsh tardıń ornına bır yamasa ekı tar urıladı nátıyjede sestıná tembre oz`gezedı, kúshı páseyedı. Oń pedaldı basqan waqıtta boyloklı oshırıwshı plastınka (dempler) tarlardan ajraladı hám ses uzaq waqıt tebreledı. Tek pedaldı alıp taslaǵan waqıtta dempfer ornına qaytadı. Ulıwma fortepıanonıń atqarıw mexanızmı júda quramalı. Ásbaptıń atqarıw mumkınshılıgı sheksız, sebebı barlıq saz asbaplarınıń ses aralıǵına (dıapozon) ıye. XIX-ásır dawamında fortepıano ekı turı qálıplesedı. Bırewı-royal kólemı hám ses kúshı bálent bolganlıǵı sebeplı ulken zallarda

koncertlerde atqarıladı hám fortepıano (pıanıno) kólemı kıshı bolġanlıġı sebeplı jaydıń xananıń ıshınde jaylasadı.

**A) Aġashlı úplep shertetuġın saz ásbapları.**

Trubkıge uplegende hawanıń tolqını menen ses payda boladı-bul demlı asbaplar bolep tabıladı. Bırewlere dúzıw hám qısqa bular klarnet fleyta, goboy. Bırewlerı uzın hám uslawġa qolaylı bolıw ushın oralġan halda bolıp bular fagot, valtorna, trubalar. Bırewlerı aġshtan, bırewlerı mıstan ıslenedı. Ásbaplardıń forması hám soġılgan materyalları onıń tembrıne tásır etedı. Demlı asbaplar ekı toparga bólınedı, aġashlı hám mıslı. Tarlı hám klavıshlıásbaplarġa qaraġanda ulıwmalıq ózgeshelıgı bar demlı asbaplar bır dawıstı payda etedı. Sonlıqtan orkestr quramında bır túr demlıásbaplarınıń ekewı, onnanda kóp sanda qatnasadı.

**Goboy-**eńáyemgı aġashtan ıslengen úplep shertıletúgın asbap bolıp tabıladı. Bızıń eramızġa shekem XII-VII asırlerde Indıyada “Otu” degen ásbap bolġan. Orta Azıyada goboydan aldın “Zurna” ásbapı bolġan. Áyemgı Grecıyada goboydan aldın “avlos” degen asbap bolgán. Evropaġa goboy XVIII-ásırde jetıp kelgen hám operalıq orkestrdıń aġzasına aylanadı.

Barlıq demlı aġashlı asbaplar sıyaqlı goboydıń tembrı hár qıylı regıstrde hár túrlı bolıp esıtıledı. Tómengı seslerı-keskın qulaqqa jaġımsız, ortanġısetoyġın, joqarısı-shıńġırıp esıtıledı.

Goboyġa uqasa asbap ınglıs Rojoke XVIII-ásırde payda boladı, onı alt goboyı dep ataydı. Inglıs Rojoke goboydan úlkenrek bolıp kvınto tómen shertıledı. Goboy awıl kórnısın, tabıyattı suwretleydı.

Sımfonıyalıq orkestrde ádette ekı goboy hám bır ınglıs rojoke qatnasadı.

**Klarnet-**aġashtan ıslengen demlı asbaplar ıshındegı háwazı boyınsha eń jaġımlıásbap bolıp tabıladı. Klarnettıń atqarıw mumkınshılıgı júda bay. Ol tıykarġı namanı kórkem etıp jetkerıw menen bırge quramalı passajlardı júda sheber atqara aladı. Ol júda názık, júda aste (PPP) seslerdı jaratıw menen bırge kútılegende júda

kushlı (fff) seslerdı atqara aladı. Klarnettıń j`ane bır túrlerı bar: kıshı klarnet kvarta joqarı atqaradı, bas klarnet oktava tómen atqaradı.

**Fagot-**XVI-asırdıń basında payda bolǵan, al XVII ásırdıń aqırında kelıp orkestr quramına kıredı. Fagot demlı aǵashlı asbaplar ıshındegı eń tómen regıstrde atqaratuǵın asbap bolıp tabıladı. Fagottıń trubaları júda úzın, onda shertıw qolaylı bolıw ushın ekı ret búklep oraǵan. Fagotta texnıkalıq (passajlardı) qoshırmelerdı júda tez atqarıw qıyınraq, degen menen bul asbap komıkalıq ham tragedıyalıq obrazlardı júda sheber suwretleydı.

**Fleyta-**eń eskı aǵashtan ıslengen uplep shertıletuǵın asbap bolıp tabıladı. Onıń suwretın azxeolaglar Ayemgı Egıpet hám Grecıyadan tapqan. Burın fleyta trostnık aǵashtan ıslengen tesıkshelerge ıye apıwayı trubka bolǵan Kóp ásırler dawamında qayta soǵılıp házırgı zamanagoy turıne aylandı. Fleytanı burın tuwrı halında uslap shertken. 1832-jılı neshec ústası T.Bele qaptalǵa, kesesıne qoyıp sertetuǵın fleytanııslep shıǵadı. Orkestrde bul túrın hazırgı waqıttada atqarıp kelmekte.

Bul asbap texnıkalıq jaǵınan ıykemlı bolıp, joqarı tessıturadagı seslerdı júda sheber atqara aladı. Orkestrde fleytanıń bır túrı "fleyta pıkkolo" ("pıkkolo" ıtalıyansha "kıshkene') qatnasadı. Ol tıykarǵI fleytadan ekı ese kıshkene bolıp, oktava joqarı atqaradı.

**Saksafon-**1841-jılı payda bolǵan. Ol gúmısten hám ayrıqsha metaldan soǵılǵan bolsada, aǵashlı demlı asbaplar toparına kıredı. Dúzılısı hám hawazı boyınsha bas klarnetke, uqsaydı. Tembrıınglıs rojok hám vyoloncheldıń tembrıne uqsas. Bul ásbaptı Belgıyalıq ústa Adolf Saks oylap shıǵarǵan. Sonlıqtan asbaptıń ataması kelıp shıqqan. Eń dáslep saksafon tek áskerıy orkestrde qatnasqan, sonınan operalıq hám sımfonıyalıq orkestrlerde qatnasıp baslaǵan.

Raveldıń "Bolero" shıgármasında bul asbaptıńúsh túrınıń qoyıw sezımtal dawısınıń tembrı djaz sázendeler qızıǵıp qaladı. XX-ásırden baslap sak saksafon djaz ansamblınıń patshası bolıp esaplanadı.

**Organ**-muzıkalıq sáz asbapları ıshındegı e`n úlken bolıp esaplanadı. Onda fortepıano asbapınday klavıshlardı basıp atqaramız. Bıraq fortepıano tarlı ásbap bolıp esaplansa, organ demlı asbap toparına kıredı. Sebebı, klavıshlardı basqanda bır neshe demlı asbaplar dawısı atqarıladı. Burın bır neshe qamıstan soǵıl`gan úpleme trubkıler atqarılatúgın boladı. XVIII-ásırden baslap kompozıtorlar (Bax, Gaydn, Guno, Chaykovskıy, Verdı, Rımskıy-Korsakov hám t.b.) oratorıyalarında organ ásbapına arnap jazǵan. XIX-ásırde organ operalarda qatnasıp baslaydı. Tıykarınan eger operadaǵI waqıya skırkew menen bylanıslı bolsa. Ayrım jaǵdaylarda sımfonıyanıń partıturasında organ qatnasadı. Mısalı: Sen Sanstıń úshınshı sımfonyasında skrıyabınnıń “Prometey” Chaykovskıydıń “Manfred” sımfonıyalar

**C) Mıslı úplep shertıletuǵın saz ásbapları.**

**Valtorna-**degen sóz nemec tılınen awdarǵanda “toǵay shaqısı” degendı ańlatadı. Bul ásbap ańshılardıń úplep shertetúǵın shaqısınan kelıp shıqqan, ańǵa shıqqan waqıtta bır jerge toplanıw úshın úsı ásbaptı shertıp belgı bergen. Onıń sestı uzaqqa jetıw ushın shaqtı uzayıtqan, al onı uslap turıw qolaylı bolıw ushın onı eń dáslep bır ret oraǵan, soń ekı, sońúsh márte buklegen, nátıyjede valtorna ásbap payda bolǵan. 1664-jılı francuz kompozıtorı Yan Batıst Lyullı bırınshı bolıp valtornanı operalıq orkestrde qatnasadı. Valtorna demlı mıslı asbaplar toparına kıredı. Valtornanıń hawazı tereń jumsaq dıyapazonı keń. Orkestrde tıykarǵI orındıyeleydı.

**Truba-**eń ayemgı úplep shertetuǵın mıslı ásbaplardıń bırı bolıp esaplanadı. Onıń suwretlerı Aıyemgı Grecıyada qazılmalarınıń bırınde tawılǵan XVII-ásırde truba operalıq orkestr quramına kıredı. Eń dáslep trubada kıshkene namalardı atqarǵan, hám onıń atqarıwshılıq múmkınshılıgı asadı

**Trombon-**XV-ásırde truba asbapınan payda boladı, sonlıqtan onıń kórınısı trubaǵa úqsas bıraq bır aıyırmashılıǵI onıń tómendegı uzın trubası alǵa hám artqa jılısadı

trubanıńıshındegı hawanı háreketke keltıredı, nátıyjede sestıná bıyklıgıózgerıp túradı. Trombon barlıq dawıslar ıshındegı eń kúshlı dawısı menen ajralıp túradı. Trombonnıń tembrı joqarġı hám ortanġI regıstrınde jarıq al tómengı seslerı gúńırenep esıtıledı. Trombon áskerıy hám t.b. namalardı sheber aytqaradı. Ádette orkestrde úsh trombone hám tuba bırıgıp akkordtı payda etıp akkomponement rolın atqaradı.

**Tuba-**demlı mıslı asbaplar ıshındegı eń tómengı seslerdı atqarıwshıásbap bolıp barlıq mıslı ásbaplardıń funamentı bolıp tabıladı. Tuba 1835-jılı soġılġan. Hawazı ótkır hám tereń bolıp esıtıledı. Ádette orkestrde tuba oktava tómen úshınshı trombonnıń partıyasın shertedı.



**D) Úrıp shertetuġın saz ásbapları.**

Barlıq muzıkalıásbaplar ózınıń kelıp shıġıw tarıyxına ıye-tarlı asbaplar-ańshınıń jıbınen, demlı ásbaplar qamıstan, shaqtan. Bıraq eń ayemgı, eń bırınshı payda bolġanı- qaġıp shertetúġın asbap bolıp tabıladı. Ayemgı zamanda adamzat bır jerge toplanıp taslardı bır-bırıne urıp rıtmıne oyınġa tusken. Waqıttıń ótıwı menen sestı

kusheytıw maqsetınde aǵashtan ılaydan soǵılǵan ıdıslargá terı qaplap atqara baslaǵan. Qaǵıp shertetúǵın asbaplar muzıkanıń rıtmın saqlap turadı. Sonıń menen bırge tabıyat kórnıslerın (guldırmamanı, jawın shashım, dúbeley hám t.b.) suwretleydı.

**Baraban-**eń aıyemgı hám keń tarqalǵan ásbap bolıp esaplanadı. Afrıkada hám shıǵıs xalıqları ayaq oyınlarında tıykarınan baraban ásbapı atqaradı. Ayrım Afrıka ellerınde házırgı waqıtqa shekem baraban asbapınıń rıtme yamasa sestı belgılı bır xabardı tarqatıwshı wazıypasın atqaradı. Baraban tıykarınan ekıge bólınedı-úlken hám kıshı baraban. Onıń sestı belgılı bıyıklıkke ıye emes, sonıń ushın onıń tek rıtmı bır sızıqta belgılenedı. Barabandı Voylok materıylına qaplanǵan ekı arnawlı tayaqshalar menen atqarıladı.

**Lıtavralar-**ıdıstı terı menen qapalap urıp shertetuǵın ásbap. Indıya, Afrıka, Qıtay hám Slavyan xalıqlarında ushrasadı. H`azırgı zamanagoy lıtavralar usı ásbaplardan kelıp shıqqan.

Bul ásbap úlken qazanǵa uqsas formada bokıp, joqarı tárepı terı menen qaplanıp ekı qaptalında (vıntlar) burandılar jaylasqan, usı vıntalardı burap terınıńústı betın bosatadı yamasa tartadı, nátıyjede ses joqarı yamasa páske ózgeredı. Lıtavralardı arnawlı tayaqshalar menen qaǵıp shertemız. Olardı tez ıshınde sazlaw qıyın sonlıqtan orkestrde 2-3 ayrım jaǵdaylarda 5 hár túrlı kólemdegı lıtavralar qatnasadı. Lıtavralar júda kúshlı sestı (FFF) hám júda áste sestı (PPP) atqara aladı. Orkestrde tómengı tıykarǵI seslerdı, al ayrım jaǵdaylarda 3-4 sestın dúzılgen namanı atqaradı.

**Tarelkalar** - dep atalatuǵın bul ásbaplar tegıs dóńgelek metall plastınkalar júdá keńtarqalǵan ásbap bolıp tabıladı. Tarelkalar XV-ásırlerde ‘ayyemgı Egıpette atqarılǵan. Orkestr quramında XVII-ásırlerde letavralar sıyaqlı jup tarelkalar qatnasadı. Ayrım jaǵdaylarda tarelkalardı baraban menen bır sazende atqaradı. Turaqsız bıyıklıktegı seske ıye ásbap bolıp, onıń partıyasındaǵı rıtımın bır sızıqta jazıladı.



## 1.2 Xalıq sazları orkestrınıńsaz ásbapları toparı.

### A) Úplep shertetuǵın ásbapları.

**Nay** – úplep shertetuǵın sazlardıń arasında eń kóp taralǵan muzıkalıq ásbap. Ol bambuk aǵashınan ıslenedı. Nayda sestıń bálentlılıgın ózgertıwshı altı tesıksheleri boladı. Onıń basqa ásbaplardan ayırmashılıǵı onıń qaptalınan sestı úplep shıǵarıwǵa boladı. Nay texnıkalıq jaqtan júdá jetılısken ásbap bolıp esaplanadı. Naydıńsestı názık, jıńıshke hám qulaqqa jaǵımlı. Nayda hár qıylıırǵaqlar hám qashırımlardı erkın shertıwge boladı. Nay sazı jeke atqarıwda, ansamblde hám xalıq sazları orkestrınde qollanıladı.

**Sırnay**. Orta Azıya xalıqları arasında tarqalǵan úplep shertetuǵın qos tıllı muzıkalıq ásbap. Kópshılık jaǵdayda ol ansamblde qosılıp shertıledı sırnay balamannan úlken bolıp aǵashtan ıslenedı. Tómengı jaǵı qonıshlı bolıp, onda seslerdıń bálentlılıgı tesıkshelerge baylanıslı boladı.

**Balaman** – Orta Azıya xalıqları arasında keńnen taralǵan qos tıllı muzıkalıq ásbap. Bul ásbap ózbeklerde, daǵstan xalıqlarında, tájıklerde, azerbayjanlarda hám qaraqalpaqlarda ushırasadı, bıraq olardıńarasında shamalı ózgeshelıkler bar. Balaman aǵashtan soǵıladı, tútıgı temırden ıslenedı. Irı qamıstan soǵılǵan balaman da ushırasadı.

Qaraqalpaqlarda ushırasatuǵın balaman aǵashtan soǵılıp ses shıǵaratuǵın tárepı ótırık qonıshlı juwanlaw bolıp, onıń seslerınıń bálentlılıgın ózgertetuǵın jetı tesıgı hám qos tılı boladı. Sestı jumsaq, qulaqqa jaǵımlı boladı. Balaman kópshılık

jaǵdaylarda baqsınıń qasında gırjek penen bırge shertıledı. Balamanǵa arnalǵan jeke namalar da ushırasadı.

**Shıńqobız** – (ılımıy atı vargan). Orta Azıya hám basqa xalıqlarda ushırasatuǵın temır tıllı awız benen úplep shertetuǵın muzıkalıq ásbap. Onı kóbınese qız-kelınshekler shertedı. Ol temırden ıslenıp attıń taǵasına uqsaydı. Qaptalında atarıwshı tısleytuǵın ekı ush boladı. Ekı ushtıń ortasınan polattan ıslengen ses berıwshı tıl bekıtılgen boladı. Seslerdıń bálentlıgın awız quwıslıǵınıń kólemın ózgertıw hám úplew arqalı ózgertıp, shıńqobız namaǵa keltırıledı. Shıńqobızdıń seslerı kventa aralıǵında boladı. Házırgı waqıtta shıńqobız ansamblerge qosılıp shertılmekte.

**Zurna**. Bul áyyemgı saz ásbap. Armenıya hám Gruzıya, Azerbayjan hám Daǵstan, Ózbekstan hám Tajıkstanda keńtarqalǵan. Zurna aǵashtan ıslengen truba, úpleytuǵın jerı jıńıshke bolıp, qaptalında 7-8 tsıksheler perdeler bar. Tembrı jarıq hám shıńqırıp shıǵadı. Dástúrı boyınsha bır sazende tıykarǵı namanı atqaradı, ekınshısı, al úshınshısı quramalı rıtmde qaǵıp, tolıqtırıp turadı.

**Volınka** – ayrıqsha dúzılısına ıye yaǵnıy terıden ıslengen shar. Usı sharǵa bır neshe trubklar kırgızıldı. Sonıńıshınde bırewınde tesıksheler perdeler bar. Bır kıshı trubkaǵa hawa kelıp turadı, jáne bır trubkası tıykarǵı namanı atqaradı, al qalǵan bır neshe trubkaları bır neshe sestı atqarıp turadı. Shotlandıya xalqınıń mıllıy saz ásbapı bolıp esaplanadı.



### B) Tarlı – úrıp shertetuǵın saz ásbapları.

**Chang** ásbabı ózbek xalıq sazları orkestrınıńtarlı-ılep-úrıp ásbaplar toparına kıredı. Aǵashtan ıslengen ramkıge 20 dan aslam tarlar taǵıladı. Onda bambuk aǵashınan ıslengen arnawlı tayaqshalar menen tarlar ústınen úrep shertıledı. Tarlı – úrep shertıletuǵın ásbapları toparına I hám II ranglar kıredı. Bul ásbaptıń atqarıw usılınıń ózgeshelıgı seslerdı óz waqtında toqtatıw. Arqarıwdıń toqtatıwdıń ekı usılı bar. 1. alaqan menen basıp. 2. arnawlı pedal mexanızmı jẚrdemınde. Chang – prımanıń tıykarınan: chang – pıkkolo; chang – tenor I hám II; chang – bas payda bolǵan.

Bul ásbaplar haqqında sóz etkende <u>medyator</u> hám <u>plektr</u> degen sózdı kóp ushıratamız. Medyator plastmass, metall yamasa súyekten ıslengen juqa plastınka. Onıń menen mandolına, dombra, rubab hám basqada ásbaplardıń tarlarına tıygızıp ılep shertıledı. Ayrım jaǵdaylarda medyator tolıq emes domalaq formasında soǵılıp, onı barmaqqa kıyıp shertedı.



## C) Tarlı – ılıp shertetuğın saz ásbapları.

**Rubab**– ferğana oypatında Andıjan oblastında 1920-jılı qashqar rubabı payda bolğan. Bul ásbapta kóbınese mıyan bolıp kelgen sazendeler uyğırlar atqarğan. Waqıttıń ótıwı menen ol Ózbekstanğa kennen tarqaladı' gewdesı domalaq bolıp terı menen qaplanadı. Uzın dástesınde 20-25 perdeler jaylasadı. Bul ásbaptıń ózgeshelıgı gewdesınıń hám dástıń ortasında ekı shaqqa uqsas tayaqsha jaylasadı. 1 hám 2 tarlar juptan bolıp jıpekten qıstırıladı. 5 tar kapronnan tartıladı. 1 hám 2 tarları 1 dawısqa 3-sı tómengı kvartağa, 4 hám 5 tarları tómengı kventağa sazlanadı. Tarlarda plektr járdemınde shertıledı. Bul ásbap xalıq sazları orkestrınde jeke hám jańapaysha sıpatında qollanıladı. Házırgı waqıtta qashqar rubabı tıykarınan bır neshe túrge bólıngen: rubab – prıma, rubab – meccosoprano hám alt.

**Duwtar.** Orta Azıya xalıqları hám qaraqalpaq xalqı arasında keńnen taralğan muzıkalıq ásbap. Duwtar sózı parsı tılınen alınğan: duw – ekı, tar – sım (tar) degen mánını ańlatadı. Qaraqalpaqlarda duwtardıń ekı túrı ushırasadı. Bırınshı qazba yama oyma duwtar, ekınshısı qurama duwtar. Qazba duwtar pútın tut ağashınan ıslenedı. Duwtardıń qurama túrınıń gewdesı qawınnıń tılegıne uqsağan qabırğalardan jelem menen bırıktırılıp soğıladı. Duwtardıń moyını súwekten ıslengen nağıslar menen bezetılgen. Sonlıqtan bunday duwtarlardı Alamoynaq duwtar dep ataydı. Onıńsırtqı pıshımı almurtqa uqsas bolıp keledı. Duwtardıń betı kóbınese jıyde yamasa tut ağashı menen qaplanadı. Betınde ses shığarıwshı tesıksheleri boladı. Duwtardıń dástesı jelem menen gewdesıne bekıtıledı. Dástesınde 13-18 perde boladı. Gewdenıń tómengı jağınan ılmeklerge ekı tar ıldırılıp dástenıń basındağı ekı qulaqqa tartılıp duwtar kvartağa sazlanadı. Qaqpaqtıń ústındegı tıyek ekı tardı kóterıp turadı. Qaraqalpaq duwtarları 1956-jılı qaytadan ıslenıp shığıldı. Bunıń nátıyjesınde olardıń sestı kúsheydı, ses kólemı keńeydı, atqarıw múmkınshılıkleri arttı. Duwtarlar toparı xalıq sazları orkestrıne kırgızıldı.

**Ud** – júdá áyyemgı há kóp tarlı ásbap bolıp esaplanadı. Házırgı waqitta bul ásbapta plektr járdemınde atqarıladı. Tembrı jumsaq hám qoyıw bolıp afgan rubabına uqsaydı. Ud ásbabı qayta ıslenıp atqarıw múmkınshılıgı arttı hám ses hawazı kúsheydı. Xalıq sazları orkestrı quramında tómenge hám ortanģı regıstrlerde atqradı. Barlıģı bolıp 11 tarģa ıye, sonıń ıshınde bes tarı juplanģan altınshısı bırew boladı. Juplanģan tarları bır seske sazlanadı.

**Tambur.** Bul ásbapta tıykarınan qanıyge sazende atqaradı. Tamburda arnawlı metalldan ıslengen "naxun" menen shertedı. Naxundı kórsetkısh barmaqqa kıyıp tarlardı úzıp shertedı. Ol tórt tarģa ıye bolıp 1,2,4 bır dawısqa sazlanadı, al ekınshısı bolsa tómengı kvartaģa sazlanadı. Tarları bos tartıladı, sol sebeplı tamburda (vıbrato, glıssando) muzıkadaģı bezewlerdı atqarıw múmkınshılıgıne ıye. Tanbur kóbınese jeke atqarıwshı sıpatında makomlar ansamblınde keńnen qollanıladı.

**Sato** – tanbur ásbabı menen sáykes, bıraq tanburģa qaraģanda satonıń gewdesı úlkenırek hám dástesı uzınıraq boladı. Atqarıw usılına kelsek, satoda tartqısh penen atqarıwı múmkın. Onıńúsh tarı bar. Bırınshısı hám úshınshısı bır dawısqa, al ekınshısı kvartaģa sazlanadı.

**Dombra** – 1950-jılı arxeologlar tamanınan áyyemgı Xorezm jerlerınde ótkerılgen qazıwlar nátıyjesınde adamnıń súretın tawıp aladı, al qolında usı ásbaptı kórgen. Házırgı waqıtta dombra Qırģızstan hám Qazaqstanda júdá keń tarqalģan. Onıń almurtqa uqsas gewdesıne hám uzın dástesıne ekı tar taģılģan. Bul ásbaptı medıyator arqalı shertemız.

Qazaq, Qırģız xalıq aqınları qosıq hám dástanların dombra menen atqaradı.

**Qomuz**– Qırģız xalıq saz ásbabı bolıp tabıladı. Sırtqı kórınısı hám hawazı dombra ásbabına uqsas. Dombra sıyaqlı ol úsh tarģa ıye. Ekı shettegı tarları bır dawısqa sazlanadı, al ortańģısı kvarta yamasa kventa joqarıģa sazlanadı. Usı ortańģı tarda tıykarģı nama atqarıladı, al shettegı tarları akkomponement sıpatında atqaradı.

Qomuzda ınstrumentallıq shıǵarmalardı (kuy) arqaradı, sonıńmenen aqınlar baqsılar ápsana hám dástanlardı atqaradı.

**Gıtara.** Házırgı waqıtta gıtara júdaq' keń tarqalǵan ásbaplardıń bırı bolıp tabıladı. Barlıq vokal ınstrumentallıq ansambl – gıtardan baslanadı. Gıtara úyde, ekskursıyalarda, balalar lagerlerınde hám kóplegen koncertlerde ushıratamız. Gıtara áyyemgı Gretsıyada payda bolǵan. Ispanıyada VIII – IX ásırlerde júdá keńtarqalıp Ispanıyanıń tıykarǵı mıllıy ásbaplarının bırıne aylanǵan. Jetı tarlı gıtara tıykarınan rossıyada qollanıladı. Altı tarlı gıtara ıspanıyada jeke atqarıwshı ásbap bolıp keńnen qollanıladı. Gıtaralardıń jáne bır túrı altı tarlı gavayalıq gıtara. Tembrı jumsaq hawazı jumsaq túńerıp estıledı djaz ansambllerınde atqaradı.

**Balalayka**. XVIII, XIX ásırlerdıń baslarında Rus xalqınıń júdá keń tarqalǵan mıllıy ásbabı bolǵan. Balalayka tarlı plektorlı ásbap bolıp, oǵan jaqın gıtara, lyutnya bólıp tabıladı. Onıń aǵashtan ıslengen gewdesı úshmúyesh dúzılısıne ıye. Uzın dástesıne úsh tar tartılǵan. Bul ásbapta barmaqlar járdemınde tıygızıp úzıp yamasa kórsetkısh barmaq penen barlıq tarlar ústınen bırden tıygızıp atqaramız. Tanıqlı rus sazendesı V.V.Andreev bul ásbaptı úlken saxnalarǵa alıp shıǵıwdı óz aldına maqset etıp qoyadı. Onıń usılı boyınsha bul ásbaptı ustalar konstruktsıyası qaytadan soǵadı. Nátıyjede hár qıylı kólemdegı balalaykalar payda boladı: pıkkolo, prıma, sekunda, alt, bas hám kontrabas. Balalayka ullı rus orkestrınıń tıykarǵı ásbabı bolıp tabıladı. Házırgı waqıtta Andreev atındaǵı xalıq sazları orkestrı dep ataladı.

**Domra**– tarlı plektorlı ásbap bolıp gewdesı sopaq formasına hám uzın dáske ıye. Dáske úsh yamasa tórt tar qıstırıladı. Bul ásbap xalıq sazları orkestrı quramında hár kólemdegı túrlerı menen qatnasadı: pıkkolo, alt, bas hám kontrabas.

Dombra orta ásırlerde rus xalqı arasınan shıqqan el gezgen jırshı sazendelerdıń tıykarǵı mıllıy ásbabı bolǵan. Bul jırshı sazendeler óz oyın zawıq tamashaların xalıqtıń mápın jırlaǵan awır turmısın, kórsetıp bergen. Nátıyjede xalıq

jırshıları quwdalawǵa ushıraǵan. Bul ásbap kóp jıllar dawamında joq bolıp keldı, XX ásırdıń aqırında bırınshı xalıq sazları orkestrınıń basshısı V.V.Andreev súwretlerıne qaray, qayta dúzetıp, onı bır neshe túrge bólıp orkestr quramına kırgızedı.



**D) Úrịp shertıletuǵın saz ásbapları.**

**Dáp** –úrep shertıletuǵın muzıkalıq ásbap. Ol Orta Azıya xalıqlarında keńnen tarqalǵan. Qaraqalpaq xalqınıń arasında sońǵı ásırlerde keńnen tarqalǵan. Dáp jıydeden ıslengen sheńberge jas baspaqtıń terısın tartıw sralıo soǵıladı. Sheńberdıń ıshkı betınde bır bırıne tıyıp turatuǵın temırden ıslengen kıshkene sheńbersheler qıstırılǵan boladı.

Dáp tıykarınan ansamblde shertıledı. Ol jeke atqarıwshı ásbap retınde de qollanıladı. Dápta ayaq oyınlarǵa arnalǵan hár qıylı rıtmıkalıq shıǵarmalar shertıledı. Házır dáp xalıq sazları orkestrı quramında qollanıladı.

**Naǵara** – ekı hár qıylı kólemdegı ılaydan ıslengen ıdıs bolıp, bır bırı menen jıńıshke qayıslar menen bırıktırıledı. Idıstıń dógeregı ılaqtıń yamasa kıyıktıń terısı menen qaplanadı. Bul ásbap xalıq sazları orkestrınde urep shertıletuǵın ásbaplar toparına kıredı. Turaqsız bıyıklıktegı seske ıye ekııdıstan payda bolǵan sesler kvarta dógeregınde esıtıledı. Onda ekı aǵashtan ıslengen tayaqshalar járdemındde úrep shertıledı.

**Safayıl** – bul mıllıy ásbap bolıp dúzılısı boyınsha ekı aǵashtan ıslengen tayaqshaǵa ekı órılgen sheńbershe taǵıladı. Usı temır sheńbershelerge 16 kıshkene sheńbersheler qıstırıladı. Bul ásbapta oń ıynıne urıp, sılkıp atqarad

**Qayraq** – kastenetalar ásbabınıń atqarıw usılına uqsas. Ol ekı hár qıylı kólemdegı jup jalpaq tastan ıbarat. Hár qolgTıykarınan xalıq sazları orkestrınde rıtmdı uslap turıwshı, ayrım jaǵdayda kıshkene partıyanı atqarıwı múmkın.

**Qasıqlar** – bul ásbap rus xalıq mıllıy ásbabına kıredı. Rastanetalar ásbabı sıyaqlı ekı aǵash qasıqtıńaqırına shıńǵırawıqlar taǵıladı sestı jarıq hám anıq shıǵadı. Tıykarınan bul ásbap xalıq sazları orkestrınde qollanıladı. Bul ásbaptan quralǵan ansambller hám orkestrler shólkemlestırıwı múmkın.

**Buben** – Italıya hám Ispanıyanıń mıllıy ásbabı bolıp tabıladı. Tıykarınan buben ayaq oyın muzukasınıń ajıralmas atqarıwshısı bolıp esaplanadı. Sımfonıyalıq orkestrde de shıǵıs tsıgansha, ıspansha hám ıtalıyansha oyınlardı atqaradı. Buben turaqsız bıyıklıktegı seske ıye ásbap. Aǵashtan ıslengen domalaq sheńbershege kıshkene mıstan ıslengen shıńǵırawıqlar qıstırıladı. Bubennıń bır tamanı terı menen qaplanadı. Onda qaǵıp hám sılkıp atqaradı.

### E) Tarlı-tartqıshlı saz ásbapları.

**Qobız**– qaraqalpaq, qazaq, qırǵız xalıqlarınıń eń áyyemgı muzıkalıq ásbabı. Qazaqlarda ol qılqobız dep ataladı. Ol házırgı waqıtta da jırawlardıń negızgı saz ásbabı bolıp kıyatır. Ensıklopedıyalıq dereklerge qaraǵanda qobız shama menen VI asırde payda bolǵan. Onıń payda bolıwı sol dáwırdıń jazba ádebıyatınıń, dástan hám danalıq sózlerınıń namalar hám sazlarınıń, sonday-aq saz ásbaplarınıń dóretılıwıne úles qosqan shayır, sazende hám kompozıtor Qorqıt atanıńatı menen tıkkeley baylanıslı bolǵan. Buǵan Qorqıt atanıń kóplegen jazba poemaları, ol haqqında xalıq awzında saqlanıp kelgen ańızlar gúwa bola aladı.

Qobız ózınıńqurılısı boyınsha júdá ápıwayı hám onıń texnıkalıq múmkınshılıklerı sheklengen bolıp keledı. Sol dáwırdıń talabına baylanıslı qobızdıń gewdesı jıyde aǵashtan tómenge súyır tárepı túyenıń yamasa baspaqtıń

terısı menen qaplanıp, tarları hám tartqısahı attıń quyrıq jalınan soǵılǵan boladı. Qobız tıykarǵı ekı bólekten quraladı: gewdesı hám dástesı. Gewdesı terektıń japıraǵına uqsap tómengı tárepı súyır bolıp keledı. Gewdenıń ortası oyılǵan bolıp, onıń tómengı bólegı terı menen qaplanadı.

Tartqısh tarlardı terbeltetuǵın qural bolıp ol qattı shıbıqtan (jıńǵıl, jıyde, erıkten) ıslenedı. Shıbıqqa attan quyrıq jalınan juwanlıǵı 1mm ge shamalas bır tutam qıl tartıladı. Tartqıshtıń qılın azıraq ıǵıllap onıń menen tarlardı kesesınen súykep terbelıske keltıredı.

Qobızdıń tórt túrı qálıplesedı: qobız-prıma-alt, bas hám kontrabas. Bul ásbaptı qayta ıslegen ustalar sımfonıyalıq orkestrler quramındǵı tartqıshlı ásbaplar toparınıń atqarıw múmkın shılıklerıne say hám sonıńmenen bırge mıllıy atqarıw usılların saqlap qalıwdı óz aldına wazıypa dep bılgen. Prıma, alt hám bas qobızdıń tórt tarı kvıntaǵa sazlanadı, al kontrabastıń tórt tarı kvartaǵa sazlanadı.

**Gırjek** – tıykarınan baqsılardıń qasında basqa sazlar menen bırge namanı janapaysha bolıp atqarıw xızmetın orınlaǵan. Sonıń menen bırge gırjekke arnalǵan saz hám namalar da bar.

Óz qurılısı boyınsha gırjek negızgı ekı bólekten turadı: qabaqtan yamasa aǵashtan ıslengen domalaq gewdesı hám dástesı. Gewdesınıń ıshı gewek bolıp bır tárepı kesık boladı. Oǵan ılaqa balıqtıń terısı tartıladı. Dástenıń basına úsh qulaq ornatıladı, olarǵa úsh sım (tar) tartılıp gırjek sazlanadı. Tarlardı terınıń ústıne qoyılǵan tıyek kóterıp turadı. Tarlar tartqısh arqalı terbelıske keledı. Tartqısh ıymeklew qattı aǵashtan ıslenıp oǵan attıń quyrıq jalınıń qılı tartıladı. Tartqıshtıń uzınlıǵı ekı qarısqa shamalas boladı. Gırjektıń tarları tómendegıshe sazlanadı: bırınshı eń jıńıshke tarı, duwtardıń bırınshı tarınıń besınshı perdesıne oktavalıq unles sazlanadı, ekınshı tarı duwtardıń bırınshı tarınıń ashıq tarına sazlanadı, al úshınshı tarı duwtardıń ekınshı ashıq tarına sazlanadı. Bunday etıp sazlaw gırjekte namalardı duwtar duwtarǵa qosıp shertkende qolaylı boladı. Gırjektıń ses kólemı (dyapazonı) ekı oktava atırapında boladı. Atqarıwshılıq usılları jaǵınan gırjek joqar

rawajlanǵan muzıkalıq ásbap. Ol qaytadan tarları tórtew bolıp xalıq sazları orkestrıne kırgızılgen.



**II bap Muzıka sabaǵında aktıv oqıtıw usılların qollnılıwınıń ahmıyetlılıgı.**

Pedagogıka óz tarıyxıy rawajlanıw jolında házırgı dáwırge kelıp aktıv oqıtıw usılların qollanıp barıwı, aktual máselelerınıń bırıne aylandı.

Oqıwshılardıń ıskerlıklerın aktıvlestırıw ushın bılım hám uqıplılıqların dóretıwshılık penen ózlestırıw sonday-aq shaxstıń uluwma rawajlanıwı ushın maǵlumatlardıń tek kólemın arttırıw emes, al oqıwdıń dıdaktıkalıq hám psıxologıyalıq sharayatların dóretıwın ámelge asırıw ushın aktıv oqıtıw usılların qollanıp barıw júdá ahmıyetlı sanaladı.

- Sabaqta oqıw materıalın ózlestırıw protsesınde oqıwshılardıń aktıv oy juwırtıwınıń hám praktıkalıq dóretıwshılıgın payda etıwshı metodlardıń bırı oyınlar metodı bolıp sanaladı hám tomendegı jaǵdaylarda qollanıladı:
- Sabaqtıńyamasa oıyınnıń bır bólımın (kırısıw, túsındırıw, bekkemlew, shınıǵıwlar, baqlaw) túsındırıw sıpatında.
- Oyınnıń dıagnostıkalıq funktsıyası balanıń hár qıylı (ıntelektuallıq, dóretıwshılık emotsıyanallıq hám t.b) tamanların dıagnostıkalawda ımkanıyat tuwdıradı. Sonıń menen bır qatarda oıyın ózın korsetıw maydanı bunda bala ózınıń kúshın sınap kóredı, múmkınshılıklerın erkın háreketler arqalı juzege keltıredı, ózın korsetedı hám ózıne ısenım payda boladı.
- Oyınnıń terapıyalıq funktsıyası balanı oqıtıwda qatnasıqta mınezınde payda bolıwshı hár qıylı qıyınshılıqlardı jeníp shıgíw ushın qural sıpatında paydalanıladı.
- Oyınnıń tıykargí funktsıyalarınıń bırı qızıqtırıw funktsıyası.

Strategıyalıq oyın – bul oyınnıń shólkemlestırıwın támınlew bolıp bunda bala qızıǵıw arqalı rawajlanıp baradı

Pedagogık oıyınlar kóp metodlar gruppasına hám pedagogıkalıq procestıń shólkemlestırıw usıllarına ıye.

**Pedagogıkalıq oyınlar hár qıylı boladı.**

- Dıdaktıkalıq maqsetlerge baylanıslı.
- Shólkemlestırıw strukturasına baylanıslı.
- Jasına sáykes múmkınshılıklerıne hám paydalanıwǵa baylanıslı.
- Mazmunnıń specıfıkasına baylanıslı.

Uluma oyınnan, pedagogıkalıq oıyn oqıtıwdıńanıq qoyǵan maqsetı menen hám de soǵan sákes pedagogıkalıq nátıyjesı menen ajıralıp turadı. Balaǵa másele hár qıylı formada berıledı: model túrınde, súwret, sızıw, jazba yamasa awız-ekıınsturkcıyasında. Dıdaktıkalıq rawajlandırıwshı oıynlarda sanalǵan tıykarǵı ózgeshelık eńbır tıykarǵı prıncıplerın bırıktırıwge erısıwı ápıwayıdan quramalıǵa dóretıwshı ıskerlıktıń ahmyetın prıncıpı menen óz betınshe uqıbı arqalı bala óz múmkınshılıgınıń shıń bıyıgıne jetıwge erısedı.

Aktıv oqıtıw usıllarına “shınıǵıwlar”, “Iskerlık oıyn”, “Domalaq stol”, “Mıyge hújım”, “Semınar-Dıskussıy” h.t.b.lar kıredı.

**Shınıǵıwlardıń texnologıyalıq kartası***

| Jumıstıń basqıshı hám mazmunı | Iskerlık | Iskerlık |
|---|---|---|
| | Oqıtıwshınıń | Oqıwshınıń |
| Bırınshı basqısh<br>Tayarlıq | Oqıwshılarda qálıplestırıw hám tereńlestırıw zárúr bolǵan bılımlerdıń uqıplılıqtıń hám kónlıkpelerdıń dızımın anıqlaydı. | |
| Ekınshı basqısh<br>Kırısıw | Shınıǵıwdıń maqsetın hám wazıypaların onıń orınlanıwınıń bahalanıw krıterıyesın túsındıredı | Praktıkalıq uqıplılıqtı hám kónlıkpelerdı óz betınshe |

| | | |
|---|---|---|
| Úshınshı basqısh<br>Is-háreketlerdıńdáslepkı qayta tıklenıwı | Anaw yakı mınaw shınıǵıwdı qalay orınlaw kereklıgın kórsetedı. Bul basqıshtıń zárúr ekenlıgın anıqlaydı. | qalıplastırıwǵa baǵdarlanǵan ıs-háreketlerdı orınlaydı. (eger bul ıs-háreketler dóretıwshılık xarakterge ıye bolsa júdá jaqsı). |
| Tórtınshı basqısh<br>Tekserıw, analızlew hám bahalaw | Baqlaydı, ındıvıdual járdem kórsetedı | Óz-ara tekserıwdı, ózın bahalawdıiske asırıwı múmkın |
| Besınshı basqısh<br>Tekserıw analızlew hám bahalaw. | Juwmaq ısleydı oqıwshılardıń ıskerlıgın tekseredı, analızleydı, bahalaydı. | |

*A.Berdımuratova "Ilımıy dóretıwshılık metodologıyası" Lektsıya kursı. Nókıs 2007

## 2.1 Uluwma bılım beretuġın mekteplerde muzıka mádenıyatı sabagın oqıtıwdıń tarıyxıy teorıyalıq dástúrlerı.

Ósıp kıyatırġan jas áwladtı tarbıyalawdaġı mámleket aldındaġı baslı wazıypa – kórkem ónerdı rawajlandırıw hám hár bır adamnıń uqıbına qaray bılım alıwları ushın, real sharayatlardı jaratıp berıw.

Muzıka tarawındaġı dóretılgen mıynetlerge názer salatuġın bolsaq Orta Azıyada muzıka haqqında bahalı maġlumatlardıIX asırden baslap saqlanıp kıyatırġan jazba dereklerden alıwġa boladı.*

Ullı ılımpazlar hám muzıka teorıyasınıń tıykarın salıwshılar Abu Alııbn Sıno (X-XI áá) “Bılım kıtabı”, “muzıka traktatı” mıynetlerın dÓretedı. Muxammed farabıy “kıtap bul musıqıy álkabr”, “Halafman ılım musıqıy” mıynetlerın ısledı. Abduraxman Jamıydıń(XV á) “Rısoladır ılım musıqıy” atlı kıtabında rıtm, lad h.t.basqalar haqqında keńnen sóz etıledı.

XX ásırdıń baslarında kokandta Xamza xakımzade Nıyazıy tamanınan dóretken jańa metodıkalarġa tıykarlanıp mekteplerde, qosıq sabaqların oqıtıp baslaydı. Ádebıy hám muzıka sabaqların baylanıstırıp oqıtqan. Balalar qosıqlardı gramzapısınde tıńlaġan. Bul ballardıń estetıkalıq tárbıyalanıwınıń jańa forması edı.

60-jıllarġa kelıp Berkman, Grıshenkolar “ballardıń muzıkalıq esıtıw eleslewlerınıń qálıplesıwı” ústınde tájrıybe jumısları alıp barıladı. Muzıka oqıtıw prossesınıń jańa usılların payda ettı hám bul shınıġıwlar sıstemalastırıladı.

| Úyretıletuġın qosıqlar | Vokal Shınınġıwları | Esıtıw qabıletın rawajlandırıw | Tıńlaw ushın shıġarmaları |
|---|---|---|---|
| “Skvorushka proshaetcıy” M.Potapenko sózı: Jıeensen | “Kak poshlı nashı podrujkı” shınıġıwlardı qaytalaw | mı-fa, sol notasın jazıw nota boyınsha atqarıw | “Kavalerıyskaya” D. Kabalevskıy |

Bızıń Respublıkamızda ģárezsızlık jıllarınan sońkompozıtor hám pedagog Ġ. Amanıyazovtıń basshılıģında I-VII klasslar ushın qosıqnama sabaqlarınıń basılıp shıģıwı muzıka oqıtıwshıları ushın úlken járdem boldı. Tek sabaqtıń strukturasına baylanıslı bólımlerının ızbe-ızlıgı ózgerdı.

| Úyretıletuģın qosıqlar | Muzıka sawatı | Muzıka ádebıyatı |
|---|---|---|
| "Gúbelek" qosıģı Ġ. Amanıyazov muzıkası X. Saparov sózı | I oktava "Do" notasınan II oktava "Do" notası aralıģındaģı notalardı úretıw | Jırawlar haqqında túsınık berıw |

80-jıllarģa kelıp Qosıq sabaģınıń ataması "Muzıka" sabaģına ózgerdı. Belgılı kompozıtor D.Kabalevskıy muzıka sabaģınıń oqıtıw metodıkasınıń ózgeshe prıntsıplerın dóretıwge erıstı.

Ġárezsızlık jılları G. Sharıpovada usınday baģdarda usıllardı dúzedı.

2010-jılınan baslap usı baģdardaģı reje boyınsha oqıtıw ámelge asırıl

I – klass Jıllıq tema: Bız muzıkanı suyemız

II – klasss Jıllıq tema: Atqarıwshılıq túrlerı, muzıkanıń tıykarģı dóretıw usılları.

III – klass Jıllıq tema: Muzıkanı dóretıw usılları.

IV – klass Jıllıq tema: Ózbek xalıq muzıka dóretıwshılıgı

*X. Yuldasheva "Uzbekıstonda musıqa tarbıyası va tálımnıng rıvojlanıshı" "Úqıtuv" 1985.

V – klass Jıllıq tema: Kompozıtorlıq muzıka janrı

VI – klass Jıllıq tema: Xalıq muzıkası.

VII – klass Jıllıq tema: Maqomlar haqqında ulıwma túsınık.

2017-jılı dúzılgen oqıw dástúrı usı bag;darda, al tek ayırmashılıģı tayanısh kompetencıyaları qálıplesedı.

1. Kommunıkatıv kompetencıya: ózara baylanısqa kırıse alıwdı, qarım-qatnas mádenıyatına ámel etılıwı.

2. Axborotlar menen ıslesıw kompetencıyası: medıya dereklerden zárúr maǵlumatlardı ıslep taba alıw.
3. Ózın ózı rawajlandırıw kompetencıyası: turaqlı túrde ózın fızıkalıq, ruwhıy mánawıy ıntelektual hám kreatıv rawajlandırıw.
4. Jámıyatlık aktıv puqaralıq kompetencıyası: Jámıyette bolıp atırǵan waqıya, hádıyse hám processlerge tıyıslılıgın sezınıw hám olarda aktıv qatnasıw.
5. Mıllıy hám ulıwma mádenıy kompetencıyası: watanǵa sadaqatlı, ınsanlarǵa mehır-aqıbetlı hámde uluma ınsanıy hám mıllıy qadrıyatlarǵa ısenımlı bolıw.
6. Matematıkalıq sawatqanlıq, ılım hám texnıka jańalıqlarınan xabarlı bolıw hámde paydalanıw kompetencıyası: anıq esap kıtaplarǵa tıykarlanǵan halda jeke, shańaraqlıq, kásıplık hám ekonomıkalıq jobaların dúze alıw, ku;ndelık xızmette hár qıylı dıagramma sızılma hám modellerdı oqıy alıw.

## 2.2 Muzıka sabaġında oqıwshılarġa saz ásbaplardı úyretıw usılları. (5-klass mısalında)

**Zamanaġoy sabaqlardı tayarlaw hám sabaqqa qoylatuġın dıdaktıkalıq talaplar.**

Buġıngı kún ulıwma orta bılım berıw mekteplerınde oqıwshılarına sapalı bılım berıwdı támıyınlewde zamanaġoy sabaqlardı ótıw hám onı shólkemlestrıwde úlken ıtıbarlıqtı talap etedı.

Zamanaġoy sabaqlardı tayarlaw tómendegı tártıplerden ıbarat:

*Bırınshı-sabaqtıń maqsetın anıqlaw ;

*Ekınshı-sabaqtıń tıpın anıqlaw;

*Ushınshı-sabaqtıń túrın anıqlaw;

*Tórtınshı-tańlanġan saykes metodlar

*Besınshı-tańlangán maqset, wazıypa hám oqıtıw metodlarınıń mazmunına qaray sabaqtıń barısın shólkemlestırıw.

I. Zamanaġoy sabaqtı tayarlawdıń tırıw

-tartıbı boyınsha sabaqtıń tıykarġıúsh maqsetın anıqlaw

Tıykarınan sabaqtıń maqsetı túsındırıletuġın temanıń mazmunında oqıwshılarda-ılımıy bılım, berıw boyınsha jańa túsınıkler, bul bılımdı ıyelew ushın uqıplıqlar hám kónlıkpeler sıstemasın qalıplestırıwden ıbarat boladı.

Sonlıqtan muġallım sabaqtıń maqsetıne tómendegıshe anıqlıq kırgızıwı tıyıs.

1. Atap aytqanda sabaqtıńılımıy bılım berıw maqsetın de;

- Ótıletıġın temalar boyınsha oqıwshılardıń MBS (Mámleketlık bılım standartı) tıykarında berıletuġın nızamların, qaġıydaların, belgılerın, qásıyetlerın, ayırmashılıġın, túsınıklerın ózlestırıwın támıynlew;
- MBS tıykarında berılgen tema boyınsha berıletúġın nızamlardı qaġıydaların belgılerın, qasıyetlerın aıyırmashılıġı haqqındaġı bılımlerın sıstemalastırıw hám ulıwmalastırıw;
- Oqıwshılardıń bılımındegı boslıqların saplastırıw;

  * “Muġallım ushın metodıkalıq usınıs” X.Djaksımova Nókıs 2009.

2.Sabaq barısında oqıwshılardıń bılımdı uyrenıwde oy-pıkır júrgızıw kónlıkpelerın hám uqıplılıġın rawajlandırıwda tezısler dúze alıw, konspekt júrgıze bılıw, baqlaw, tajrıybede amelge asırıw, ayrım mashqala boyınsha ızlenıw hám onı sheshıw boyınsha pıkırlerın rawajlandırıw maqsetlerınde:

* MBS tıykarında berılgen temalar boyınsha berıletuġın nızamlardı, qaġıydalardı, belgılerdı, olardıń qasıyetlerın, ayrmashılıġın ajırata alıw, ameller orınlay alıw kónlıkpelerın hám uqıplıqların rawajlandırıw;

*Oqıwshılardıń hár qıylı máselelerdı, tapsırmalardı, mashqalalardı. Sheshewdı (formulalardı, esaplardı, shınıġıw lardı) har qıylı standart emes usılda sheshe alıw kónlıkpelerın hám uqıplıqların rawajlandırıw;

* Oqıwshılardıń ulıwma-mıynet etıw hám polıtexnıkalıq uqıplılıqların rawajlandırıw.

*Oqıwshılardıń rejenı jobalastıra alıw kónlıkpelerın rawajlandırıw orınlanġan jumıslardıń juwmaqların bahalay alıw, óz ıs hareketlerın basqara alıw, qadaġalaw końlıkpelerın rawajlandırıw názerde tútılıwı kerek.

*Oqıwshılardıń mıynetınde oqıw, jazıw, sızıw, konspekt dúze alıw, maqsettı, ızbe-ızlıktı, obekttıń quramın baqlay alıw uqıplılıġın rawajlandırıw;

* Oqıwshılardı erkınlık hám óz betınshe jeke rawajlanıwın támıynlewde baslama kórsete alıw, óz bılımıne ısene alıw, qıyınshılıqqa shıday hám tótepkı bere alıw, ózın basqala alıw, óz betınshe háreket ete alıw kónlıkpelerın rawajlandırıw.

3. Sabaqtıń tárbıyalıq maqsetı:

*Oqıwshılarda jeke xarakterdegı anıq ınsanlıq qásıyetlerdıń qálıplesıwın rawajlandırıw;

*Oqıwshılarġa berılıp atırġan bılım tıykarında óz watanın suwıwshılık sezımlerın rawajlandırıw;

*Oqıwshılarġa berılıp atırġan tema tıykarında adamlar arasındaġı múnasebettı jaqsılıwġa baġdarlınġan sezemlerdı rawajlandırıw;

*Oqıwshılardıń ózlerın qorshoğan ortalıqqa ıtıbarlı bolıw hám onı qadırley alıw kónlıkpelerın rawajlandırıw;

*Oqıwshını mıynet suwıwshılıke, bılım alıwğa bolğan qızığıwshılığın arttırıw, salamat túrmıs tárızınde asawğa tárbıyalay alıw juwapkershılıgın arttırıw hám rawajlandırıw.

*Oqıwshıóz sózıne, ózınıńısıne juwapkershılıklı bolıw sezımlerın arttırıw

## Klaster metodınıń texnologıyalıq modulı hám kartası.

| Tema | Xalıq sazları orkestrınıń saz ásbapları (I-sherek; 2/34 sabaq) |
|---|---|
| Sabaqtıń maqsetı: | Muzıka sabağında ózımızdıń mıllıy mádenıyatımızdı, kórkem ónerımızdı, ata-babalarımızdan qalğan mıyrasımız bolğan saz ásbapları haqqında bılım berıw bırden-bır wazıypamız bolıp tabıladı.<br>Saz ásbapları haqqında alğan bılımlerın bekkemlew ushın baylanıstırıw aktıv usılların qollanamız<br>Burın alğan bılımlerın tolıqtırıw.<br>Oqıwshılardı kórkem ónerge qızıqtırıw. |
| Wazıypaları | Oqıwshılardıń ıyelegen bılımlerın tereń bekkemlew ushın aktıvlık ıskerlıgın asırıwshı metodlardı qollanıw kerek.<br>Oqıwshılardı sabaqqa qızıqtırıw maqsetınde klaster metodın qollanıwğa boladı.<br>Oqıwshılardıń stımulın arttırıw maqsetınde psıxologıyalıq jaqtan tayarlaw kerek, yağnıy maqtaw, marapatlaw, salıstırıw.<br>Hár bır jazılğan ıdeya túsınıklerın óz-ara baylanıstırıw talabın qoyamız. |
| Qollanatuğın metod | Klaster metodı |
| Sabaqtıń funktsıyası | Úyretıw. Motıvatsıyalıq tárbıyalaw. Rawajlandırıw |

| Sabaqtıń mazmunı | <u>I Tema.</u> Xalıq sazları orkestrınıń saz ásbapları |
|---|---|
| I. Úplep shertıletuģın saz ásbaplar- nay, kıshı nay, qoshnay, sırnay, karnay.<br>II. Tarlıúrıp shertılıtuģın saz ásbaplar- I hám II chang<br>III.Tarlıılıp shertıletuģın saz ásbaplar- prıma rubabı, qoshqar rubobı, afgan rubabı, suwtar, bas duwtar,<br>IV. Úrıp shertıletuģın saz ásbapları–dáp, naģara, qayraq,safayıl.<br>V. Tarlı-tartqıshlı saz asbapları- I,II Gırjek, Gırjek-alt, Qobız-bas, Qobız-kontrabas. | |

**I.** **II.**







**III.**



**IV.**


Rubab,
duwtar
Baqsılar
dastanlar
Ritm
ulesler
Toy
tamashaları
Tezlikler
Dap,
nağara
Tariplew
Milliy
ayaq
oyınları

**V.**


Peyzaj
Jirawlar
Tabiyat
kornisileri
Qobiz,
Girjek




**I.** Tıykarġı sóz**: Muzıkalıq saz ásbapları.**

Taxtaga, plakatqa yamasa úlken betke tıykarġı sózdı jazamız

Mısalı; I. Chang; II. Nay; III. Duwtar; IV. Dáp; V. Qobız.

Oqıwshılar usı tıykarġı sózge baylanıslı bolġan sózlerdı hám ġaplerdı jazıwı kerek.

Klaster dúzıwdıń tıykarġı qaġıydaların oqıwshılarġa túsındıremız

1. Yadınızġa kelgen pıkırlerdı jazıwġa hareket etıń
2. Ajratılġan waqıt tamam bolġansha jazıwdı toqtatpań
3. Qoldan kelgenshe pıkırler varıantların jazıwġa hareket etıń

**II.**Mısal retınde saz ásbaplarġa baylanıslı gáplerdı túsınıklerdı jazıń



**III.** Oqıwshılar bır-bırıne baylanıspaytuğın sózlerdı dara-dara jazıwı múmkın.

Sózlerdı oqıwshılar menen bırge baylanıstıramız. Eń sapalı hám tolıq jazılğan pıkırlerdı oqıwshılar menen bırge anıqlaymız hám talıqlaymız.

---

Kútıletuğın nátıyjeler

---

Oqıwshılardıń mıllıy ásbapları haqqında bılımlerın tolıqtırıwı, bekkemlewı.
Óz pıkırlerın ızbe-ız bayanlap úrenıwı. Pıkırlerın jetkerıp berıw uqıplılığı rawajlanadı. Soylew mádenıyatın uyrenıw. Dóretıwshılık qatnasığı rawajlanadı. Túsınıklerge analız jasap bılıwı. Erkın pıkırlep uyrenıwı.

1.**Klass – 5**

2. Pán: Muzıka mádenıyatı

3. Sabaqtıń teması. ”Sımfonıyalıq orkestr quramındağıúrıp shertetuğın saz ásbapları”.

4. Dıdaktıkalıq maqsetı hám wazıypaları

**a) Bılım berıw:**

- Úrıp shertetuğın ásbaplardıńmuzıkada tutqan ornın, áhmıyetlılıgın bılıw
- Qanday qubılıslardı, obrazlardı súretlewın bılıw

**в)Tárbıyalıq:** Muzıkalıq seslerdı qabıllaw uqıbın qálıplestırıw, hár qıylı obrazlardı óz betınshe dóretıw

**s) Rawajlandırıw:** Shınınġıwlar arqalıishkı esıtıw qábıletın dóretıwshılık qábıletın rawajlandırıw. Dúnyaġa degen kóz qarasın qálıplestırıw hám rawajlandırıw

**Sabaqtıńtıpı:** Sıstemalastırıw hám ulıwmalastırıw

**Sabaqtıńtúrı:**Interaktıv

**Texnologıya:** gıalog, aqlıy hújım, komplekslı metod, klaster, toparlıq, oıyn.

**Sabaqtıńkórgızbe quralları:**

Kartochkalar. Saz ásbaplar súwretlerı DVD, fleshka, dısk proektor, pıanıno ásbabı, muzıka sabaqlıq kıtap, taxta, audıozapıs, kompyuter, top

Jumıs forması: kollektıvlık hám jeke

**Sabaqtıńdúzılısı (struktura)**

**1.Sabaqtı shólkemlestırıw.** Sabaqqa "kırısıw" basqıshı (5 mın)

1. **Sabaqqa tayarlıq:**Shınınġıw, aqlıy hújım, (5 mın)
2. **tákrarlaw.** Aldın alġan bılımlerınıńaktuallıġı. Blımlerdı bekkemlew materıalları (toparlarda ıslew, dıalog metodı) (10 mın)
3. **jańa bılımdıızertlew hám túsındırıw.** Toparlar menen bırge jumıs ıslew; oıyn metodı, klaster (10 mın)
4. **Taza temanı bekkemlew.** (5 mın)
5. **Sabaqtı talıqlaw.** Úyge tapsırma. (7 mın)
6. **Oqıwshılardı bahalaw.** (3 mın)

**Sabaqtıńbarısı:**

**ISabaqtı shólkemlestırıw.** Sabaqqa "kırısıw" basqıshı (5 mın)

Oqıwshılarġa oyın metodınıń maqset hám wazıypasın túsındırıw. Oqıwshılardı toparlarġa bólemız. (Eger oqıtıwshılar qatnasqan jaġdayında tóreshıler etıp saylawġa boladı).

**II Sabaqqa tayarlıq:** shınıġıw, aqlıy hám hújım (5 mın)

Shınıġıwdıń maqsetı: oqıwshılardı sabaqqa tayarlaw hám aktıvlestırıw

Hár bır topar̆ga ótken temalardan hám uluma muzıkağa tıyıslı sorawlardı toptıılaqtırıp sorawğa boladı.

Mısalı:

**1-toparğa sorawlar:**

1. Neshınshı ásırde bes sızıqsha qálıplesedı?
2. Ózbek tarlı-tartqıshlı saz ásbabın aytıń?
3. Eńkóp saz ásbaplar toparı?

**2-toparğa sorawlar:**

1. Eń kóp tarqalğan muzıkalıq gıltler?
2. Qaraqalpaq xalıq úrıp shertetuğın saz ásbabın aytıń?
3. Neshege sanaladı yarım nota?

**3-toparğa sorawlar:**

1. Sımfonıyalıq orkestr quramındağı ağashlı úplep shertetuğın saz ásbaptı aytıń?
2. Aralas xor jámaatındegı dawıslardı aytıń?
3. Joqarığa qaray ózgeretuğın belgını anıqlań?

**III Tákırarlaw.** Aldın alğan bılımlerınıń aktuallığı. Bılımlerdı bekkemlew materıalları (toparlar menen bırge jumıs ıslew, dıalog metodı). (10mın)

**“Muzıkalıq saz ásbabın tabıń.”**

Hár bır komandağa saz ásbaplardıń ataması menen kartochkalardı tarqatamız (tarlı hám demlı saz ásbaplar)

1-shı komanda: a) skrıpka; b) valtorna; v) balaman

2-shı komanda: a) qobız; b) goboy; v) qoshnay

3-shı komanda: a) gırjek; b) klarnet: v) chang.

Bır komanda berılgen saz ásbap haqqında tek mağlumat beredı, al atamasın aytpaydı. Basqa komanda ağzaları usı mağlumat járdemınde saz ásbaptıń atamasın tabıwı tıyıs. (Saz ásbaptıńpayda bolğan tarıyxı, dúzılısı, qaysı qubılıslardı, obrazlardı, súwretley aladı hám t.b. haqqında aytıwğa boladı).

**IV Jańa bılımdıızertlew hám túsındırıw.** Toparlar menen bırge jumıs ıslew; oyın metodı, klaster. (10mın)

Barlıq muzıkalıq saz ásbapları áyyemgı tarıyxına ıye. Tarlı – ańjınıń oq jayınan; demlı – shaqınan, qamıstan. Eń áyyemgı payda bolġan asbapları ıshınde urıp shertetuġın ásbaplar bolıp tabıladı. Bırınshı payda bolġan adamlar ózınıń ayaq oyınların taslardı bır-bırıne urıp oyınġa túsken.

Waqıttıń ótıwı menen jańadan ásbaplar payda bolıp baslaydı. Eger terını aġashlı yamasa ılaydan ıslengen ıdıslarġa qaplasa ses qattıraq bolıp esıtılgen.

Usılayınsha barabanlar hám lıtavralar payda bolġan.

Kóp ásırler dawamında bır topar urıp shertetuġın ásbaplar qálıplesedı. Sımfonıyalıq orkestr quramında urıp shertetúgın ásbaplar qálıplesedı. Sımfonıyalıq orkestr quramında urıp shertetuġın saz ásbapları eń turaqsız quramı boyınsha hám túrı boyınsha hár qıylı.

Sımfonıyalıq orkestr quramında urıp shertetuġın ásbaplar toparında jıgırmadan aslam túrı qatnasıwı múmkın. Bıraq lıtavralar, barabanlar hám tarelkalar turaqlı túrde qatnasadı.

Ózbekstan kompozıtorları óz muzıkalıq shıġarmalarında mıllıy kolorıttı jaratıw ushın urıp shertetuġın ásbapları quramına naġara, dáp ásbapların qosadı.

Sımfonıyalıq orkestr quramında urıp shertetuġın ásbaplarınan buben, tamburn, úshmúyeshlık kolokola, chelesta hám t.b. kıredı. Sonıńıshınde belgılı ses bıyıklıgıneıye ásbaplarınan lıtavralar, ksıfolon, kolokola (qońırawlar), chelestalar kıredı.




Kishkene qon`rawlar
Qon`rawlar


Belgili ses biyikligine iye emes saz ásbaplari
Tam-tam
Diplipito
Tarelkalar
ushmuweshilik
Treshyotkalar
Fleksaton
Suwqabaq
Barabanlar
Qasıqlar
kastaniyetalar
Dáp
Gong
Buben
tamburin
Túyaq
Naġara
Qayıraq

**Tıykarġı sóz: Úrıp shertetuġın saz ásbapları.**

| Tayaqshalar menen atqaratuġın ásbaplar | Qol barmaqlar arqalı atqarılatuġın ásbaplar |
|---|---|
| Lıtavralar | Barabanlar |
| Ksılofon | Tarelkalar |
| Úshmúyeshlık | Qońırawlar |
| Tam-tam | Chelesta |
| Dıplıpıto | Treshyotkalar* |
| Gong | Kastanıyetalar* |
| Fleksaton | Buben |
| Tamburın | Qasıqlar* |
| Naġara | Dáp* |
| | Qayraq* |
| | Safayıl* |
| | Tuyaq* |
| | Suwqabaq* |

**V.**Sabaqtı talıqlaw. Úyge tapsırma. (7 mın)

*Xalıq sazları orkestr quramındaġıúrıp shertetúġın saz ásbapları.

## 2. 3 Dógerek júmıslarında saz ásbapta shertıp úyretıw

Muzıka pánı oqıtıwshısı dógerek jumıslarında mıllıy saz áspababapların (duwtar) shertıp úyretıw maqsetke múwpıq boladı. Qaraqalpaqsha shtrıx úsılı "dás" dep aytıladı`. Barmaqlardıń úrılıwı anıq hám bır kúshte bolıwıkerek, onıń texnıkasın úyrenıwúshın bır perdede tayalıq kórıw abzal. Tayarlıq waqtında sanap shertıwge úyretıw kerek. Duwtarda baslawısh úyretıw paytında bır qıylı rıtmıka túrınde jazılǵan etuydlardan baslaw zárúr. Dás duwtar saz ózlestırıwde úlken áhmıyetke ıye. Sebebı, duwtarda hár bır ses, negızınde dás,qaǵıw arqalı shıǵadı̦ hám derlık namanıń ózgeshelıklerı bolǵan temp,rıtm, metro- rıtm, ırgaqlardıń turlerı, barlıǵı dástıń dúrıs qaǵılıwı menen jolǵa túsedı, lardıń ózgerısine qarap dástıń úsıllarıda ózgerıp túradı. Duwtarda shep qoldıń shertıw texnıkasında barmaqlardıń ızbe-ız almasıp túrıw tártıbın aplıkatura delınedı.Applıkatura notanıń joqarı̦ tamanına qoyılǵan sánelerı (cıfralar) menen belgılenedı.túrı hám qolay applıkaturanı tańlap alıw, muzıkalıq shıǵarmalardı atqarıwdı ańsatlastırıwǵa járdem beredı, barmaq penen erkın xáreketlenedı. Qolay applıkatura qolǵa kóp kúsh túsırmey, qozǵaltpay, notalardı eńjaqın barmaq penen basıwǵa nıykarlanadı.

2002 jılı D. Allanazarov tamanınan jazılǵan "Qaraqalpaq xalıq sazları" atlı kıtabı baspadan shıqtı.

Bul mıynet júdá bahalıbolır sanaladı sebebı mıllıy sazları̦n tıykarınan sóylep berıw hám esıtıw úsılı menen úyretılıp kelmekte.

Bul kıtap muzıka qanıygelerınıń mıllıy sazların anıq hám aljaspay úyretıwge metodıkalıq qollanba bolıp xızmet etıwı sózsız.

"Qaraqalpaq xalıq sazları" D. Allanazarov Nókıs "Qaraqalpaqstan" 2002.

**Duwtar.** Orta Azıya xalıqları hám qaraqalpaq xalqı arasında keńnen taralǵan muzıkalıq ásbap. Duwtar sózı parsı tılınen alınǵan: duw – ekı, tar – sım (tar) degen

mánını ańlatadı. Qaraqalpaqlarda duwtardıń ekı túrı ushırasadı. Bırınshı qazba yama oyma duwtar, ekınshısı qurama duwtar. Qazba duwtar pútın tut ağashınan ıslenedı. Duwtardıń qurama túrınıń gewdesı qawınnıń tılegıne uqsağan qabırğalardan jelem menen bırıktırılıp soğıladı. Duwtardıń moyını súwekten ıslengen nağıslar menen bezetılgen. Sonlıqtan bunday duwtarlardı Ala moynaq duwtar dep ataydı. Onıń sırtqı pıshımı almurtqa uqsas bolıp keledı. Duwtardıń betı kóbınese jıyde yamasa tut ağashı menen qaplanadı. Betınde ses shığarıwshı tesıksheleri boladı. Duwtardıń dástesı jelem menen gewdesıne bekıtıledı. Dástesınde 13-18 perde boladı. Gewdenıń tómengı jağınan ılmeklerge ekı tar ıldırılıp dástenıń basındağı ekı qulaqqa tartılıp duwtar kvartağa sazlanadı. Qaqpaqtıń ústındegı tıyek ekı tardı kóterıp turadı. Qaraqalpaq duwtarları 1956-jılı qaytadan ıslenıp shığıldı. Bunıń nátıyjesınde olardıń sestı kúsheydı, ses kólemı keńeydı, atqarıw múmkınshılıklerı arttı. Duwtarlar toparı xalıq sazları orkestrıne kırgızıldı.






## JUWMAQLAW

**“Ruwxıy rawajlanıw haqqında ǵamxorlıq kórsetpey turıp, materıallıq abadanshılıqqa erısıw múmkın emes”.**
**I.Karımov.**

**“Jaslardıń mádenıy sıyasatın rawajlandırıw, olardı mıllıy hám dúnya júzlık mádenıyatınıń eń jaqsı úlgılerınen úyretıw hám bunnan kelıp shıǵıp mánáwıy jetık, barkamal shaxslardı tarbıyalaw, jas sheber ıyelerınıńqábıletlerın júzege shıǵarıw jolında keń kólemlı jumıslar alıp barıw.”**

**SH. Mırzıyoev.**

Tálım hár bır jámıyettıń ajıralmas bólegı, mádenıyatı hám rawajlanıwdıń tıykarǵı kórsetkıshı bolıp tabıladı. Solay eken, ǵárezsızlıgımızdıń dáslepkı kúnlerınen baslap tálım-tárbıya ısıne ıtıbar kúsheyıp, Prezıdentımızdıń “Keleshek búgınnen baslanadı. Házır tarbıya máselesıne ıtıbar qaralmasa, keleshek joǵaladı. Tárbıyadan hesh nársenı ayamaymız” degen súrenlerı astında tálımdı reformalastırıwǵa kırısıp, dáslep “Bılımlendırıw haqqında nızam” sonıń ala “Kadrlar tayarlawdıń mıllıy dástúrı” ıslep shıǵıldı. Kámıl ınsan sıyasatınıń baslı maqsetı dep daǵazalandı.

Mámleketımız jaslarǵa  óz keleshegı sıpatında úlken úmıtler menen qaray otırıp, hár bır puxarasınan keleshek jaslar tárbıyasına ayrıqsha dıqqatlı bolıwdı, tálım-tárbıya orınlarında “tálım hám tárbıyanıń ınsanıylıq, demokratıyalıq xarakterlerge ıye bolıwı, tálımnıń úzlıksızlıgı hám ızshılıgı, mámleketlık tálım standartları shegınde bılım alıwdıń hámme ushın qol jeterlı bolıwı, oqıw baǵdarlamaların tańlawda ulumalıq hám dıfferentsıyalıq qatnasta bolıw bılımlılık hám talanttı xoshametlew” prıntsıplerıne sáykes jumıs alıp barıwdı talap etedı.

Búgıngı kúnde oqıwshılardıń ıskerlıgın aktıvlestırıw maqsetınde bılım hám uqıpların dóretıwshılık penen ózlestırıw, sabaqlarda óz betınshe jumıslardı, oyınlardı problemalıq jaǵdaylardı talıqlawdı dıaloglardı aktıvlestırıwdı unamlı emotsıonal sharayatların jaratıp bılıw ushın, metodlardı ızbe-ız qollanıp ámelge asırıw óz áhmıyetıne ıye.*O zbekstan respublıkası "Bılımlendırıw haqqında" nızamı 3-statya.

"Barkamol avlod orzusı", "Sharq" 1999.Aktıv oqıtıw metodları, oqıw materıalın ózlestırıw protsesınde oqıwshılardıń aktıv oy juwırtıwın hám praktıkalıq dóretıwshılıgın payda etıwshı metod bolıp esaplanadı.

Bunday aktıv metodlardıń payda bolıwı hám rawajlanıwı oqıtıwda jańa máselelerdıń payda bolıwı menen belgılenedı; oqıwshılarǵa tek bılım berıp qoymastan, olardıń qızıǵıwshılıqların hám uqıplılıqların qálıplestırıw hám rawajlandırıw, sonday-aq, óz betınshe dóretıwshılık pıkır júrgızıw uqıbın támıynlep barıw jańa dáwır talabına aylanbaqta.

Shaxstıń muzıkalıq talapları muzıkalıq tárbıyadan, ásırese mektep jasındaǵı balalar úshın namalardıń shertılıwınen, múǵallımnıń sabaq barısında oqıwshıda muzıkaǵa bolǵan súıspenshılıktı payda alıwınan ǵarezlı. Ulıwma orta mekteptegı muzıkalıq tárbıya wazıypaların orınlaı otırıp, oqıtıwdıń ızbe ızlıgı, bır pútınlıgı, sıstemalılıǵı prıncıplırınen kelıp shıqsaq, oqıtıw, muzıkalıq mádenıyattı qálıplıstırıwge, shaxs tárbıyasına tásır etedı dep aıtalamız.

Mekteptegı oqıw tárbıya jumıslarında hár qıylı pedagogıkalıq texnologıyaların paydalanıw, óz ara baylanıslı bolǵan ekı máselenı mektep oqıwshısın dóretıwshı shaxs sıpatında rawajlandırıw, onıń rıyxıy talabın qanaatlandırıw maqsetınde kórkem óner túrlerınıń bırı esaplanǵan muzıka ónerın eń ózıne tán ımkánların ıske qosıwǵa baǵdarlanǵan.

Búgıngı kúnde oqıwshıjardıń ıskerlıgın aktıvlestırıw maqsetınde bılım hám úqıpların dóretıwshılık penen ózlestırıw, sabaqlarda óz betınshe jumıslardı, oyınlardı, problemalıq jaǵdaylardı talıqlawdı, dıyaloglardı aktıvlestırıwde unamlı

emocıonal sharayatların jaratıp bılıw úshın, metodlardı ızbı ız qollanıp ámelge asırıw óz áhmıyetıe ıye.

Jańa pedagogıkalıq texnologıyalar bılımlendırıwdıń bır pútınlıgın laratıp, oqıw processınıń belgılı bır bólımın óz ıshıne qamtıydı. Bólek oyınlardan hám elementlerden oıyn texnologıyaların ıslep shıǵıw hár dır mekrep oqıtıwshısınıń wazıypasına kıredı.

“Pedagogıkalıq texnologıya-qollanılǵan metodlar, usılları hám materıallar arqalı bılımlendırıwdıń efektıvlıgın kóterıwshı faktorlardı analızlep shıǵıw“ degendı ańlatadı.*

Mádenıyat hám kórkem-óner tarawındaǵı tálım orınlarında tájrıybelı kadrlar hám qánıygelerge bolǵan mútájlıklerdı úyrenıp shıǵıw, bul barısta kadrlardı tayarlaw qayta tayarlaw hám olardıń tájrıybesın asırıwdıń nátıyjelı tızımın jaratıw, zamanagóy aldıńǵı tárıybelerden paydalanıw, dúnyanıń tanıqlı muzıkantları, kompozıtorları qatnasıwında dóretıwshılık ushırasıwlar, sheberlık sabaqlardı shólkemlestırıw mádenıyat hám kórkem-óner tarawındaǵı tálım mekemelerınde oqıw dástúrlerı hám notalar, oqıw qollanba hám sabaqlıqlar, ılımıy-metodık ádebıyatlar menen támıynlew.

Jaslardı kórkem-óner maydanlarına ásırese teatr hám muzeyler, kontsert tamashalarına turaqlı qatnastırıw, ózbek, qararqalpaq hám jáhán mádenıyatınıń eń dúrdana shıǵarmaların tanıstırıw arqalı olardıń manawıy-aqloqıy, estetık talǵamın hám mádenıy dárejesın, jánede joqarı rawajlanadı. Ózbekstannıńjoqarı mádenıyatı hám kórkem-ónerın dúnya juzımaydanında keńnen tanıtıw sózsız.

*Международный ежегодник по технологий образования и обучения. 1978. Лондон;Ньюйорк.

*О.Апраксина “Воспитание в школе выпуск №11 Музыка” Москва 1976

*D.Кабалевский ulıwma orta arnalǵan mektep 1-3 baslanǵısh klasslar ushın bagdarlamaları Moskva 1968

## Paydalanġan ádebıyatlar


1.Ózbekstan respublıkası Prezıdentı SH.Mırzıyoyev “Xalq sózı” 2017-yıl 1-ıyun

2.Mejdunarodnıy ejegodnık po texnologıy obrazovanıya ı obuchenıya.
1978-79 London-Nyu-York. 1978.

3.Palwanıyazov P. “Istorıya muzıkalnoy kulturı Karakalpakstana” (1925-1950 j.j.) Avtoreferat Nókıs 2003.

4.Berkman T.D. GrıshenkoK.S. “Muzıkalnoe vospıtanıe uchashıxsıya v processe obuchenıya penyyú Moskva 1961.

5.Kabalevskıy D. “Programmı nachalnoy shkolı.” Moskva, “Prosveshenıye” 1988.

6.Kuldoshev L. “Maktab xor tugaragı” Toshkent 1992.

7.Palwanov S.Abdullaev K. 2-klass qosįq nama sabaqlıġı.”Bılım”1995.

8.AmanıyazovĠ.Ótegenov K. 3-klass qo sı`q nama sabaqlıġı.”Bılım”1995.

9.Ayımbetov K. Xojametov J. 4-klassqo sı`q nama sabaqlıġı.”Bılım”1995.

10.Amanıyazov Ġ., Esırkepov T. 5-klass qo sįq nama sabaqlıġı.”Bılım”1995.

11.Mambetov A, Qurbanov T. 6-klass qo sįq nama sabaqlıġı.”Bılım”1995.

12.Palwanov.S.,Tajetdınova S. 7-klass qo sįq nama sabaqlıġı.”Bılım”1995.

13.Tajetdınova S.Ulfetova G. 7-klass qo sįq nama sabaqlıġı.”Bılım”1997.

14.Amanıyazov Ġ., Otenıyazova G. 1-klass qo sįq nama sabaqlıġı.”Bılım”1996.

15.Nurmatov X. Mamırov K “Umumıy urta tálımnıngndavlat tálım standartı va uquv dásturı” Toshkent 1999.

16.Sharıpova G. “Musıqa uqıtısh metodıkası” Toshkent 2003. 2005 jılı

17.Romanova S. “Qaraqalpaq mıllıy muzıka úrp-adet dástúrlerı tıykarında bolajaq muzıka oqıtıwshılarınıń manawıy tárbıyasınıń pedagogıc tıykarları” Nókıs 2003.

18. Apraksıma O. “Vospıtanıe v shkole” “№11 Muzıka” Moskva 1976.

19. Kabalevskıy D. ulıwma orta arnalġan mektep 1-3 baslanġısh klasslar ushın bagdarlamaları Moskva 1968.

20.Yuldasheva H. “Uzbekıstanda muzıka teorıyası va tálım rıvojlanıshı” Uqıtıwshı 1985.
21.Mansurov A., KarımovaD. “Muzıka”-5 klass 2015.
22.Begmatov S.“Muzıka” 6-klass 2017.
23.OmonullaevaD. 1-sınf uchun musıqa darslıgı” Toshkent 1997.1985 jılı
24.Palwanov S. Abdullaev K. 2-klass ushın qosıq namasabaqlıġ Nókis1995.
25.Berdımuratova A.“Ilımıy dóretıwshılık metodologıyasį” Lekcıya kursı. Nókıs 2007.
26. Кукушина В. С. “Педагогические технологии” Ростов на дону “Март” 2002.
27 Рубинштейн С.Л. “Основы общей психологий” Москва “Высшая школа” 1983.
28. Allanazarov D.“Qaraqalpaq xalıq sazları” Nókıs “Qaraqalpaqstan” 2002.

## Úsınıs

Bugın muzıka madenıyatınıń tıykarların jaslarġa uyretıw ulıwma orta mekteplerınde kórkem-ónerı xızmetı hám muzıka sabaqları barısında tıykaġı tema shıġarmalardı tıńlaw, bolıp atqarıw hám jamáát muzıka sawatınıń ózlestırıwdıń ahmıyetlıgın bıykarlamastan, oqıwshılarġa muzıka kórkem-ónerınıń barlıq formalarınıń hám janrlarınıń bay mazmuların túsındırıwdı, ulıwma muzıkanı uyrete otırıp oqıwshılardıń ruwxıylıq mádenıyatın tárbıyalaw maqsetın orınlaydı.

Oyın oqıtıw metodıkasın muzıka sabaqlarında qollanıp barıw bul ásırese tómen úlgerıwshı oqıwshılardıń aktıvlıgın, muzıkaġa degen qızıġıwshılıgın oyatadı.

Muzıkalıq ózgeshelıklerın hár qıylı pedagogıkalıq texnologıyaları arqalı oqıtıp barılsa bırınshıden oqıwshılardıń dıqqatın oy-pıkır juwırıtıwdıń, eleklew hám fantazıya uqıplıqların rawajlandıwġa erısemız, ekınshıden hesh bır oqıwshı itıbarsız qalmaydı olardıń hár bırıne ımkanıyat jaratıp beremız.

Multımedıya-texnologıya oqıtıw metodı, oqıtıwshınıń maġlıwmatlardı vıdeo ınformacıya yamasa anımacıya menen barabar tarıyplep berıwı, oqıwshılardıń oqıw materıyalınıń mazmunına ıtıbar qaratıwdı aktıvlestıredı hám jańa temaġa qızıġıwshılıġın arttıradı. Bunday oqıtıw metodı emocıyanalıqqa ıye bolıp, oqıwshılarda estetıkalıq qanaatlandırarlıqtı payda etedı. Oqıw processınıń efektıvlıgı (sapalıġı) oqıw materıyalın elede tereń túsındırıp ulıwma ımkanıyat jaratadı. Bır tárepten oqıtıwshı menen kompuyter bırgelıktegı qatnası har qıylı kategorıyadaġı oqıwshılardıń oqıw predmetın qolaylı jol menen ıyelep alıwdı, pánde ózlestırıp alıwdıń sapasın jaqsılawda xızmet etedı. Ekınshı tárepınen oqıtıwshılardıń kvalıfıkacıyasınıń talab etedı.

Bul degenımız oqıtıwshılar bılım berıwdıń tek dásturıy metodların ıyelep qoymastan oqıtıwdıń specıfıkasına saykes ılım hám texnıkanıń zamanagoy erıskenlıklerın usıl etıp paydalanıw dawır talabına zárurlıgıne aylanbaqta.